ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№98 (24.224) • 2021 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 17, гъубж • Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуахэр гъэзэщІа зэрыхъур зэпкърах

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м и Парламентым дызэрыт илъэсым и накъыІигъэм Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуахэр гъэзэщІа зэрыхъум щыхэплъа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуздзокъуэ Мухьэмэд**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуздзэ **Говоров Сергей**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуздзэ **Хъубий Марат**, лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьынымкІэ министр **Асанов Алим**, ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр **Бэрбэч Алим**, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министр **ДыщэкІ Аслъэн**, цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэхъуэхэмкІэ министр **Езауэ Анзор**, узынщагъэр хъумэнымкІэ министр **Къалэбатэ Руслан**, бжыгъэр зи лъэбжьэ зыужьыныгъэмкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Бозий Аскэр**, щэнхабзэмкІэ министр **Къумахуэ Мухьэдин**, промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **КІарэ Елдар**, экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Рахаев Борис**, мэкъумэш Іэнатіэмкіэ министр **Сыжажэ Хьэсэн**, щы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ министр **Тахъу Аслъэн**, курортхэмрэ туризмэмкІэ министр **Щоджэнцыкіу Мурат**.

ЗэІущІэм щыхэплъащ республикэм и Іэтащхьэм къалэн ящищІауэ щытахэм ящыщу мы зэманым ирихьэлІэу зыхунэсахэм, властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ Іэхъущ1апІэхэмрэ цІыхухэм хуащІэ къэралІэхэутхьэбзэхэм я фІагъым хэгъэхъуэнри, медицинэ Іэхъущ1апІэхэр зэгъэпэщыжьынри, пятиборьемрэ щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэмрэ дыхьэхэхэм папщІэ ухуэныгъэхэм щІэдзэным зыхуэгъэхьэзырынри абыхэм яхэту.

Республикэм и цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэхъущ1апІэхэм зегъэужьыным и гугъу щищІым КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ а Іэнатіэм грант проектэр къыщыхэлъхьэн, республикэ СМИ-м я лэжьакІуэхэм я Іэщ1агъэм хэгъэхъуэным хуэзохалъхьа программэхэр гъэзэщІэн зэрыхуейр. Абы гулъытэ хэха хуищІащ цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэхъухэм ятеухуа хъыбархэр щыІэ Іэмал псори къэгъэсэбэпауэ яІэрыгъэхьэн зэрыхуейм. Щэнхабзэмкіэ министерствэм пщэрыльъ щищІащ абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр, Іэмалхэр зэпилъыту къэщхьэпэну чэнджэщхэр къыхилъхьэну.

Кадзрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзахэм ящыщ къалэнхэу зэфІагъэкІахэмэ я гугъу ящІащ. Къапщтэмэ, абыхэм ящыщщ къэралым игъэлажьэ спорт Іэхъущ1апІэхэм я гъэсакІуэхэм я улахуэхэр щІэбгъэлэм щІэныгъэ гуэдзэ езыгъэгъуэт егъэджакІуэхэм ейм нэгъэсыныр, апхуэдэуи бюджетым къыхэкІыу лэжьапщІэ зэратхэм я улахуэм проценти 10 яхуущІигъуным теухуауэ Іэтащхьэм иджыблагъэ къыдигъэкІа указхэр. Апхуэдэуи, КЪБР-м и Іэтащхьэм Іэ щІидзащ еджакІуэхэм я Урысейпсо олимпиадэм щытекІуахэмрэ абы и кІэух Іыхьэм хэтахэмрэ, ахэр зэпеуэм хуэзыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэр зэрагъэпэжэну щІыкІэм теухуа Указым.

ЗэІущІэм щызэпкърахащ гъэзгуэр, псэупІэхэр ухуэным, жылэхэр зэІуэпэщ щІыным, псыкІэ ирикъуу къызгъэпэщащым хуэгъэза лъэпкъ проектэр, къэрал, республикэ программэхэр гъэзэщІа зэрыхъур. КІуэкІуэ Казбек зэхуэсым и кІэухым абы хэтахэм къалэн ящищІащ пщэрыльхэр гъэзэщІа щыхъун хуей пІалъэм къитІэсэным я нэІэ трагъэтыну, апхуэдэуи къыхигъэщхьэхукІащ ягъэува къалэнхэр гъэзэщІэным жэуаплыныгъэ, жэрдэм яхэлъу бгъэдыхьэныр, я мурадхэр зэгъэхъулІэным и хэкІыпІэхэр нэсу къэхутэныр дэтэхэнэ зы унафэщІми и лэжьыгъэм щынэхъыщхьэу зэрыщытыпхъэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбек Правительствэм хэтхэм яІуощІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ ухуэныгъэм, жылэхэр зэІуэпэщ щІыным, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырыным теухуа Іуэхуэр щызэпкъраха зэІущІэ.

АБы КЪРИХЬЭЛІАЩ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуздзокъуэ Мухьэмэд, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуздзэ Хъубий Марат, КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэр зэкІэлъызыгъакІуэ Ащхъуэт Азэмэтджэрий, бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ министр Ащхъуэт Ислъам, ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр Бэрбэч Алим, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министр ДыщэкІ Аслъэн, щэнхабзэмкІэ министр Къумахуэ Мухьэдин, Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз, КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщагъу Къуныжь Вячеслав, ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министрым и къуздзэ - КЪБР-м и архитектор нэхъыщхьэ Унэжокъуэ Астемыр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм къэщрагъажьэу и кІэм намыгъэса ухуэныгъэхэм, тэмэму къэмыхухьахэм икІи жылэхэм я тепльэхэр фаджэ зэщІэжэм унафэ тещІыхьын зэрыхуейм. Бэрбэч Алим зэрыжиІамкІэ, ухуэныгъэхэр къезыгъэжьахэм йопсалъэ ахэр яухыжьыным е ирахьжьыным теухуауэ. Къалэм ущыпсэуну тынш хъуным хуэгъэпса проектым ипкъ иткІэ цІыхубэ зэхуэсыпІэхэр зэІуэпэщ щІыным хуэунэтІа лэжьыгъэхэм пащэнущ. Апхуэдэу и гугъу ящІащ фэтэр куэду зэхэт унэхэр, псом япэрауэ Налшык къалэм хиубыдэхэр, зэгъэпэщыжьным трагъэкІэуэдэну мылъку иджыри къыдэхьныным.

Республикэм и юбилейр гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырным хихьэу КІуэкІуэ Казбек къалэн ящищІащ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я дыхьэпІэхэр зыгъэбелджылы ухуэныгъэхэр зимыІэхэм ящІыну, щыІэхэр зэрагъэпэщыжыну, къагъэщІэрэщІэжыну. Къалэ округгэмрэ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэмрэ я «кузбэжэхэр» иджырей зэманым екІуу, зэІуэпэщу, дахэу къэгъэнэхуауэ щытын хуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ставрополь щІыналъэмрэ я зэпылъыпІэм, Р-217 «Кавказ» федеральнэ гъуэгум хуэзэу, деж щаухэну къыдыдыхьэпІэм и проектым щхьэхуэу елэжьынущ.

Пхъэидзэр къапоплъэ

«Зы мандат зиІэ Къэбэрдей-Балъкъэр хэхьапІэ округ №14-м» и депутату къагъэлъагъуэхэмрэ политикэ партхэмрэ ящІэн папщІэ:

УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еянэ зэхьыхьэгъуэм и депутатхэр щыхахыну фокІадэм и 19-м илъэ къыхуэу, КЪБР-м и Хэкакіуэ комиссэм нобэ сыхьэти 10-м щекІуэкІынущ кандидатхэм яхэту зыкъэзыгъэлъэгъуа политикэ партхэр телевидензмрэ радиомрэ къызэрыщыпсэлъэну чэзур, апхуэдэуи я Іуэху еплъыкІэхэр газетхэм къызэрыщытрадзэнур зыгъэбелджылы пхъэидзэр.

Упщ1э зиІэхэр псалъэ хъунущ 8(8662) 40-81-22 телефон номерымкІэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

2021 фокІадэм и 19 Къэрал Думэм и ДЕПУТАТХЭР ХАХ

Ди къуэш республикэхэм

ЛІыщхьэхэр зэхуозэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ. Абы къэрал унафэщІым хуиІуэтащ хэгъэгум и социально-экономикэ щытыкІэр зыхуэдэр.***

ПСОМ ЯПЭУ лІыщхьэхэр зытепсэлъыхьар коронавирус уз зэрыцІалэм ебэныкІэ щІыналъэм щыщыІэ щытыкІэрщ. Темрезовым жиІащ, сымаджэ хьэхэр зыщІагъэгъэлъхьэни, ирахьэлІэни зэрагъэр, дохутырхэр зэрахуарикъуэр, ахэр щыгъынхэмкІи медицинэ Іэмэпсымэхэмкіи зэрызэщІыхэуздар. Апхуэдэуи, вакцинэр цІыхубэм зэрызыхрагъалъхьэр хуэмурэ екІуэкІми, адрейхэм къаззрыкІэрымыхур дыщІигъуащ.

КъШІР-м зыщыбгъэпсэхун щыпІэ дахэхэр зэрагъэр, ар лъэпкъ хьэгъуэфІыгъуэу зэрыщытыр, зегъэужьын зэрыхуейр къыхигъэщащ Путиным икІи абы и жэуапу республикэ Іэтащхьэм жиІащ пандемием емылъытауэ зыплъыхьакІуэхэр куэду зэрагъэзэрыщыгуфІыкІыр.

Президентыр щІэупщІащ мэкъумэш Іэнатіэм, иджырей технологиехэр къызэрагъэсэбэпым, лэжьапІэншагъэм я Іуэху зыІутым. Хэгъэгу унафэщІым жиІащ Іэнатіэ псомиІ щыщІэ ныкъусаныгъэхэр зэрызэрагъэзэхуэжьыр, абыкІэ федеральнэ центрыр сэбэп зэрыхъур.

Депутатхэм бынунагъуэшхуэм зыщІагъакъуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Парламентым и Унафэщі Нарожный Владимир Къэрал Советым Хасэм хэт депутатхэм къабгъдэкІыу Абазэхэ жылэм щыпсэу бынунагъуэшхуэм компьютеркІэ яхуэупсащ.***

ЗАБАВИНХЭ я унагъуэм сабиибл щІэсщ, абы щыщу щыр школакІуэщ. Унагъуэм я нэхъыжьыр яІэжкъым, абы и хъыбар депутатхэм къащІащ цІыхухэм щахуэзам. Анэшхуэр дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу кІуат Парламентым.

«Иджырей технологиехэр уимыІэу гугъущ школым хуещджэну. Компьютерыр къыщыпхуэсэбэпыр зэпэщІэхауэ ущеджэм и закъуэкъым, атІэ предмет псомкІи фІыуэ зыбгъэхьэзырынумэ, ар Іэмал имыІэу уиІэн хуейщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, сабий куэд зэрыс унагъуэхэм ар кІащэхуну яхуэзфІэкІыркъым. Псом хуэмыдэу бынищ зэуз школым щыкІуэм деж зыхуей псомкІи къызэбгъэпэщыну гугъущ, дэІэпыкъуэгъуэ уимыІэмэ, - жиІащ Республикэ Парламентым и тхьэмадэм.

Абхъаз сурэтыщІыр академием хагъэхьэ

АБХЪАЗ. ***Скульптор цІэрыІуэ Джение Виталий Художествэмкіэ Урысей Академием и академик хъуащ. Абхъаз сурэтыщІхэм ящыщу ятэу апхуэдэ щІихь зыхуащІар араща.***

РЕСПУБЛИКЭМ Щэнхабзэмкіэ и министерствэм къеблагъэри, апхуэдэ щІыхьыщІэ лъагэр зыхуагъэфэщащ иритыжащ академик, РАХ-м и Президиумым хэт Олешня Сергей. РАХ-м и президент, президиумым и щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Кошкин Олег и Іэр зыщІэлъ тхылъым итщ Абхъаз Республикэм и сурэтыщІ гъуазджэм хуищІа хэлъхьэныгъэм, и творческтэ гъуэгуанэм щигъэзэщІа проект гъуэзэджэсэм, Абхъазыр Урысей Федерацэм и утыку дахэу зэрыришэм папщІэ мием хуэфащэу зэрыхагъэхьэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● ЩІэныгъэ

Егъэджэныгъэм и фІагъым тращІыхь

2022 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыщыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм яІэнущ пІалъэ гуэри зыхуамыгъэув аккредитацІэ. Апхуэдэ хъыбар ди щІыналъэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэм къаригъэщащ ОНФ-м, «Сириус» егъэджэныгъэ центрым и пашэхэм ящыщ Шмелёвэ Еленэ.

ЗЭРЫХАБЗЭЩИ, еджапІэ нэхъыщхьэхэм пІалъэ хэхам тету щІэх-щІэжьыуэ щрагъэкІуэкІ аккредитацІэ. Абы ипкъ иткІэ къэпщыта мэхъу Іэхъущ1апІэм щекІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ стандартым (ФГОС) къигъэув программэхэмрэ мардэхэмрэ къитІасэрэ хуэмыкІуэрэ. А Іэхъугъуэр къызыхэтыншэу зэфІэзыным зэманышхуи къаруушхуи трагъэкІуадзурэ къэкІуэкІ илъэс зыбжанэ лъандэрэ: дэфтэр куэдыщэ зэхуахьэс, зэхуагъакІуэ, къапщытэ. Иджы Іэхъур зытращІыхьынур еджапІэм и студентхэм ирагъэгъуэт щІэныгъэм и фІагъыращ.

Бэрбэч Хьэпіэтіэ и щІэр зэзыхь Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым егъэджэныгъэ политикэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Лыджыдэ Рэмэзан зэрыжиІэмкІэ, аккредитацэр пІалъэ зимыІэ дэфтэру дяпэкІэ зэрыщытынур тэмэмщ. «Нэхъыщхьэр ди студентхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэм и фІагъращи, ар къапщытэныр нэхъ захуагъэщ икІи нэхъ Іуэху зэфІэкІщ, дэфтэр куэдыщэ зэбгъэуІуэр ахэр къыупщытэж нэхъ?», - къыхигъэщащ Лыджыдэм, Іуэхугъуэщ1эм щытепсэлъыхьым.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Мэкъумэш Іэнатіэ

Нартыхумрэ сэхуранымрэ щыбэвщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэтауэ щагъэлъэпІащ Губгъуэм и махуэр. Абы ирихьэлІэу КЪБР-м Мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министерствэм семинар-зэхьихь къызэригъэпэщащ нартыхумрэ сэхуранымрэ зэрагъэкІ щхьэхуэныгъэхэм ятеухуауэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ мэкъумэш щІэныгъэм елэжьхэри, Іэнатіэм Іуэху щызыщІэхэри, мэкъумэшхэкІ къыщІэзыгъэкІхэри, щІыналъэхэм щыІэ АПК-м я лЫкІуэхэри. Ар къыщызэІуихым КЪБР-м мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министр Сыжажэ Хьэсэн жиІащ мыпхуэдэ махуэхэр гъавэхэкІ хэха зэмылІэужьыгъуэхэм ятеухуауэ республикэм зэрыщІэкІыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыхумрэ сэхуранымрэ гъэкІыныр щыхабзэу къэплъытэ хъунущ. Псом хуэмыдэу нартыхуу гъэкІыным гъэкъэс щыхуу нэхъыбэм зрат, - жиІащ министрым. - 2010 гъэм нартыхуу щыхаса губгъуэр гектар мин 67,5-рэ фІэкІа мыхъуу щытамэ, мы илъэсым ар гектар мини 138,1-м нэсащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, нартыхуу тІукІэ нэхъыбэ хасащ икІи гъавэ щІапІэ губгъуэм и процент 62-р абы иубыдащ. Апхуэдэуи кърахьэлІэм и бжыгъэр процент 48-кІэ хэхъуащ, нэгъабэ нартыхуу зы гектарым центнер 70 къытрахащ».

Апхуэдэ хэхъуэр къэзыхьар псы щІэгъэлъэдэныр нэхъ тынш зэрыхъуарщ. Нобэкіэ къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІыгъэхэм псы зэрыщІагъэхьэ машинэу 212-рэ иІэщ, абыхэм щы гектар мин 20 къызэщІаубыдэф. Абы хохьэ мэкъумэш Іэнатіэм пэрытхэм ягъэува машинэ 38-ри, абыхэми гектар 3130-рэ псыкІэ ягъэнщІыф. Мы илъэсым и кІэ хьэху иджыри щІы гектар 5409-м тынш псы щІэпІадзэу ящІынущ.

Сыжажэ Хьэсэн зэрыжиІамкІэ, ди республикэм нартыху гибрид жыІэ щхьэхуэ егъэкІыж. «Ди къалэн нэхъыщхьэу къоув фІагъ лъагэ зиІэ нартыху жылэ къэдгъэхъуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бренду мэкъумэш Іэхум хьыхьэныр», - дыщІигъуащ къэупыкъущІэм.

Семинарыр иуха нэужь, хьэщІэхэм нартыху губгъуэр къызэхакІухьащ, сэхураныр къызэрыкІыр къапщытащ.

ШЫПШ Даянэ.

Республикэм и экономикэм зегъэужьыным и лъабжьэхэр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыкІуэлІум и 13-м иригъэкІуэкІащ «инвестицэ сыхьэт» зэІущІэр. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм и экономикэм мылъку къыхэгъэлъхьэным теухуауэ щекІуэкІ лэжьыгъэхэм, абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ щытыкІэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Говоров Сергей**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Рахаев Борис**, лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьныжьмкІэ министр **Асанов Алим**, ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр **Бэрбэч Алим**, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министр **ДышцкІ Аслъэн**, цІыхуэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министр **Езауэ Анзор**, узыншагъэр хъумэныжьмкІэ министр **Къалэбатэ Рустам**, щэнхабзэмкІэ министр **Къумахуэ Мухьэдин**, мэкъумэш Іэнатіэмкіэ министр **Сыжажэ Хьэсэн**, щы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ министр **Тэхъу Аслъэн**, курортхэмрэ туризмэмкІэ министр **Щоджэнцыкіу Мурат**, промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Кіарэ Елдар**, бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Бозий Аскэр**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм инвестицэхэр къыхегъэлъхьэныр зыхуэгъэпсар ди экономикэр къэгъэщІэрэщІэжьныр, хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьныр, улахуэфІ къыщахъ Іэнатіэщіэхэр ди цІыхуэм папщІэ къыхэІуэхьныр арауэ зэрыщытыр.

ЗэІущІэм хэІущІащ мы зэманым инвестицэ проектхэр щагъэзащІэ унэтІыныгъэхэр: ахэр мэкъумэш Іэнатіэрщ, промышленностырщ, энергетикэрщ, ІТ-технологиехэрщ, туризмэрщ. Инвестицэ Іэхуэхэр пхыгъэкІыным щынэхьыщхьэу щІыналъэм и Іэтащхьэм къигъэльэгъуащ республикэм иІэ ресурсхэр фейдэ нэхъыбэ къапэкІуэу къэгъэсэбэпыныр, инвестицэ зыхеБгъалъхъэ хъуну щІыпІэхэр республикэм щыубзыхуныр, къэралыр инвесторхэм щІэгъэзекІуэн зэрахуэхъуфыну хэкІыпІэхэр къэгъэнэІуэныр. Проектыщіэхэр лажьэу егъэжьэным и гугъуи ящІащ, зэман гъунэгъум а унэтІыныгъэм щызэфІагъэкІынухэри яубзыхуащ. КІуэкІуэ Казбек Правительствэм пщэрыльі щищІащ инвестицэ Іэхуэхэр зи нэІэ щІэтыну штаб къызэригъэпэщыну.

Сыжажэ Хьэсэн жиІащ Шэджэм щыналъэм щыщхьэупчІи и 1-м щІидзауэ гектар 200 зыубыдыну теплицэ ухуэнымкІэ инвесторым зэрыщригъэкІуэкІыр. Республикэм къыбгъэдэкІыу инвесторым инфраструктурнэ дэІепыкъунигъэ игъуэтынущ, проектым теухуа зэгурыІуэныгъэм хэлъ административнэ къалэнхэри ягъэзащІэнущ. Хуабэщым лэжьэн щидза нэужь, зы илъэсым къриубыдэу хадэхэкІ тонн мин 50 хуэдиз къыщагъэкІыфынущ абы. Ар щІыналъэм къыщалэжь валовэ продуктым и процент 10 мэхъу, нэхъыщхьэращи - цІыхуищэхэм лажьэпІэ Іэнатіэ щагъуэтынущ. Правительствэмрэ инвесторымрэ яубзыхуа пІалъэм тету Іэхуэхэр зэфІыхьэмэ, Іуэхуищапіэщім лэжьэн щидзэнущ дызыхуэкІуэ илъэсым и шыщхьэупІу - фокІадэ мазэхэм.

Промышленностымрэ энергетикэмрэ щагъэзащІэ инвестицэ проектхэм я гугъу ищІащ КІарэ Эльдар. «Русгидро» ПАО-мэ мурадщ Псыгуэнсу псым ГЭС-щІэ тращІыхьыну. А проектым сом меларди 4,3-рэ и уасэщ, ухуэныгъэр 2024 гъэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну ящІыхьэнущ, ухуэныгъэм яужь итынущ цІыху 50. Псыгуэнсу МГЭС-м и лъэщагъэнущ МВт 23,4-рэ икІи зы илъэсым къриубыдэу ику иту кВт.сыхьэт мелуан 87,1-рэ къыхуэлэжьынущ. И зэхэлъыкІэкІэ станцым и ефІэкІныныгъэхэм ящыщщ псыущІэ зэримыІэнур, абы нэхъ мащІэ ящынущ ухуэныгъэм текІуэдэнур. Абы къыдэкІуэу ГЭС-щІэ мыиным кьигъэсэбэпынущ ШэрэдЖ гидроэлектростанциущ зэпыщІалъэ ищхьэІуэкІэ щауухуэхэр зэрылажьэ, псыежэхым кьрихьэх пшахъуэхэр зыхэзыкІа псыр.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ промышленность псынщІэм зэрызиужьыр. Апхуэдэу, Бахъсэн къалэм лажьэу щаутІыпщыну я мурадщ «Военторг»-м и заказэхэр щагъэзащІэну дэрбзэр Іуэхущапіэ. Абы цІыху 200-м Іэнатіэ щагъуэтынущ. Нэхъ пасэу Налшык къыщызэІуахауэ лэжьакІуэ 800-м ятеІувыІэ дэрбзэр Іэнатіэ. Іэтащхьэм зыхуэфащэ Іэнатіэхэм пщэрылъ ящиІащ а унэтІыныгъэм теухуауи инвесторхэм епсэлъыпІэну.

Инвестицэхэр зыхэплъхьэ хъуну унэтІыныгъэхэм щытепсэлъыхьым щхьэхуэу къыхагъэщащ хъыбарегъащІэ технологиехэм епхаэхэр. Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, а унэтІыныгъэм зегъэужьыным хуэунэтІа зэпсэлъэныгъэхэр мы зэманым драгъэкІуэкІ «ITV» компаниием. Налшык щолажьэ сом мелардитхум щигъу мылъку зэзыгъэкІуэкІ, абы тещІыхьа хэхъуэхэри республикэ бюджетым къыхэзыльхьэ компаниеу щы. Абыхэм цІыхуи 160-рэ щолажьэ икІи ІТ-унэтІыныгъэм фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщіагъэлілхэм щІэупщІуэ яІэми хохъуэ. Республикэм къыщыхах еханэ классхэм щІэс ныбжьыщІэхэу математикэ фІыуэ зыщІэхэр, ІТ-технологиехэм адэкІэ нэхъ куууэ хурагъэджэн папщІэ. Премьер-министрым жиІащ Правительствэр ІТ-парк къызэгъэпэщыным зэрелэжьыр, абы студентхэр икІи щеджэу, икІи щылажьэу Іуэхур зэтеухуауэ щытынущ.

«Апхуэдэ Іуэху къызэгъэпэщыкІэм фІыуэ къыдэкІуэнухэм ящыщщ Іэнатіэм пэІэщІэу лажьэм и гуащІэм къыпэкІуэр урысей компаниехэм я Іэщіагъэлілхэм ящхьым хуэдиз зэрыхъунур, абы къикІыращи, ди Іэщіагъэлілхэр республикэм щыпсэуж, щылажьэж хъунущ, - къыхиІэщащ Іэтащхьэм. - Щэч хэлъкъым дэ ІТ-Іэщіагъэлілхэр дгъэхъэзырыжьын зэрыхуейм. Ди школакІуэ цІыкІуэхэр а унэтІыныгъэмкІэ щІыналъэзэхуаку, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм къызэрыхэжаныкІри абыкІэ къэщхьэпэнущ».

Туризм Іэнатіэм ехъа инвестицэхэр щыпэпкърахьым Щоджэнцыкіу Мурат жиІащ, дызэрыт гъэм и япэ илъэс ныкуэм республикэм туристу къакІуэхэм я бжыгъэм процент 23-кІэ зэрыхэхьуар, 2020 гъэм и апхуэдэ дыдэ пІалъэм елъытауэ. Щытыкіэм иджыри зихуэхьыркъым икІи зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм щигъащІэгъуэм дежь хьэщІэхэр зыщІэсыну пэшхэр зэпэубыда мэхъу. КІуэкІуэ Казбек жиІащ хьэщІэщхэр гъэлэжьэным пыщІа инвесторхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхупІэ щыпІпІэхэм инвестицэ проектыщхьэу тху щагъэзэщІэну зэрамурадыр. Зэман гъунэгъум щІадзэнущ абы теухуа зэпсэлъэныгъэхэр компаниехэм драгъэкІуэкІыным.

Іэтащхьэр зэІущІэм и кІэм къытеувыІащ «Этана» промышленнэ комплексым екъэлІа проектым. Абы 2011 гъэм щІадзауэ щытащ, ауэ ухуэныгъэр кьызэтрагъэувыІауэ щытащ щыналъэм дежкІэ абы мыхьэнэщхуэ зэримыІэжьнум и щхьэусыгъуэкІэ. «Инфраструктурэ псори - газэыр, уэздыгъэр, псыр, гъуэгуфэр - зиІэ щІыпІэр бгъэхъэулей хъунукъым», - кьыхигъэщхьэхукІащ абы. «Дэ зи гугъу тщІыр «экономикэ щхьэнтІэ» къызэгъэпэщыныр, абы кьикІыр зэманым декІу, экологием зэран хуэмыхъу проектэр дгъэзэщІэныр, абы и лъэныкъуэкІэ республикэм зэфІэкІыщхьэхэр иІэщ, мэкъумэш проектхэр къызэгъэпэщынри, мэкъумэш продукцэм елэжьным тещІыхьа проектхэри яхэту», - кьыхигъэщхьэхукІащ абы. КІуэкІуэ Казбек Правительствэм къалэн щиІащ абы къыщІэупщІэ Іэнатіэхэм епсэлъыпІэу, ар экономикэм и фейдэ зыхэлъ щыпІпІэ, инвесторхэм къыдэзыхьэхыну щытыкІэхэр къыщызэгъэпэща щыпІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Урысейм экономикэ и лъэныкъуэкІэ нэхъ жыджэру ис щІыхьбэм ятепщІыхьмэ, мин кьэс ипотекэ щІыхуэу 27-рэ хуоэз. 2016 гъэм щІыху миным щыщу 10-рат псэупІэ щхьэкІэ щІыхуэ къэзыщтэр.

ДИ къэралым кредит къэщтэнкІэ япэ щищар Югриращ (Ханты-Мансийскэ автоном округырщ) - нэгъабэ лъандэрэ щІыху миным хуэзэу кредиту 44,8-рэ щатащ абы. ЕтІуанэ увыпІэр лъысащ нэхъапэм псом япэ ита Ямалым. Арктикэ щІыналъэр къапщтэмэ, абы и щІыху миным хуэзэу ику иту ипотекэ кьащтащ 43,2-м. Ещанэ увыпІэр зыныгъэр ищхьэрэ щІыналъэхэм ящыщщ - Тюмень и бжыгъэр 42,2-рэ щохъу.

Абыхэм къакІэлъокІуэ Новосибирск областымрэ Чувашиемрэ - 38,7-рэ, 38,6-рэ. Унэ щхьэкІэ щІыхуэ нэхъыбэ кьызэщтэхэм ящыщщ Магадан, Удмуртие, Пермь, Архангельск, Коми щІыналъэхэр. Лэжьакіуэ миным хуэзэу 38,1-м щегъэжьауэ 36,6-м нэс кредит ящІыну яІыгъщ.

Экспертхэм къызэралъытакІэ, зи къару кьиГъэгугъэжхэм я бжыгъэр зы илъэсым кьриубыдэу нэхъыбэ хуэщІащ. Абы ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым.

ЩІыхуэ къащтэуэр унэ кьэзыщхэу щІыху нэхъ мащІэ здэщыІэр Ингушращ - зы миным хуэзэу 5,3-м кредит яІыгъыу араш. Иужь итхэм я етІуанэщ Дагъыстэныр - 6,2-рэ, абы къыкІэлъыкІуэр Кърымыр - 8,8-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыху миным щыщу 10,8-м кредиткІэ унэ къащэхуащ. Ди щІыналъэр абыкІэ иужь итхэм я еплІанэщ.

Я псэукІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ Урысейм ику иту сом мелуани 2,8-рэ щІыхуэу кьыщащтэ. Унэ уасэу ахъшэ нэхъыбэ кьэзыщтэр, дауи, Москва дэсхэращ - ику иту сом мелуани 6, Москва областым сом мелуани 4,2-рэ кьыщащтэ. Ахъшэ нэхъ мащІэкІэ унэ кьыщащхуфыр Шэшэнращ (сом мелуан 0,97-рэ), абы къыкІэлъокІуэ Ингушыр (1,02-рэ). Абы ипкъ иткІэ, блэкІа илъэс ныкъуэм Урысейм ипотекэ кредиту мин 759-рэ кьыщащтащ, ар нэгъабэ ельытауэ процент 45-кІэ нэхъыбэщ. Сом бжыгъэкІэ кьэбгъэлъагъуэмэ, 2021 гъэм и накъыгъэм сом триллиони 2,15-рэ иракъуат. Иджы ар процент 70-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэ къэралым щыкъым щыщу щыхуэу къащтам нэхърэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

ПсэукІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ къащтэ щІыхуэр нэхъыбэ мэхъу

ЕджапІэхэм адыгэ лІыхъужьхэм я цІэхэр фІащ

ОНФ жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм къыхилъхьауэ екІуэкІ «Лыхъужьхэм я цІэхэр - школхэм» урысейпсо проектыр хуабжьу сэбэп хъуащ Сочэ къалэм, ТІуапсэ щІыналъэм щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм я дежкІи.

А ІУЭХУМ и пкъ иткІэ, Краснодар щІыналъэм и курыт еджапІэ зыкъомым адыгэ лІыхъужьхэм я цІэхэр фІащыжащ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, Сочэ къалэм и Лазаревскэ районым ит школ зыбжанэм Совет Союзым и ЛІыхъужьхэм я цІэхэр илъэс блэкІахэм фІащу ирагъэжьащ а Іэхэр. Абы щыгъуэм Калараш Дмитрий и цІэр фІащащ школ №80-м, 75-нэм хуагъэфэщащ. Малышев Алексей и цІэр, №83-м - Языджан Давид, №99-м Тормахов Дмитрий сымэ. Абыхэм ящыщт Совет Союзым и ЛІыхъужь Ахмыжь Айдэмыр - абы и цІэр зэрехьэ 1976 гъэ пщІондэ илъэсибгъу еджапІэу КІыщмей Иным дэта, иджы курыт еджапІэ хъуа школым.

Текіуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щирикъум ирихьэлІэу иджыри еджапІэ зыбжанэм ухащІауэ щытащ апхуэдэ щІыхь. Абыхэм щылажьэхэмрэ жылагъуэмрэ я жэрдэмыр кьалэ унафэщІхэм даІыгри, фронтым Іутахэм, тылым си гуащІэ щемыблэжахэм, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, узыншагъэр зыужьмэкІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм, творческэ, щІэныгъэ интеллигенцэм, жылагъуэ Іуэхуэхэм жыджэру эхтахэм я цІэхэр школхэм фІащащ.

Хы фІыцІэ Іуфэм Іус адыгэхэр иригушхуэу я лъэпкъэгъу зыкъомым я цІэхэр иджы зэрахьэ Сочэ и школхэм. Апхуэдэу, Хьэжыкъуэ дэт 94-нэ курыт еджапІэм Тхъэгъуш Исмэхьил и цІэр зэрехьэ, Ачмыжь Хьисэ и цІэр фІащащ Махуэпс дэт 79-нэ школым, Хъущт Мэжид и цІэкІэ щытщ школ №93-р (Ашэ).

ТІуапсы щІыналъэм хиубыдэ жылэхэм дэт школищми зэрахьэ хы фІыцІэ Іуфэм Іус адыгэхэм кьахэкІа лІы щэджащэхэм я цІэхэр: Герг ГиевскэМ дэт школми фІащащ Совет Союзым и ЛІыхъужь Тхъэгъуш Исмэхьил и цІэр, Агуй-Шапсыгъым и школым щІэныгъэ-селекционер цІэрыІуэ Тхъэгъуш Нухь и цІэр зэрехьэ, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран Щхьэлахъуэ Ахьмэд и цІэр хуагъэфащащ Псыбей курыт школым.

ШЫПШ Даянэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Шыщхьэуіум и 17, *гъубж*

♦**Латвием и къалащхьэ Ригэ и махуэщ**

♦**Индонезие Республикэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ**

♦**1771 гъэм** Екатеринэ ЕтІуанэм и указкІэ Къэбэрдей цІыхубзэм ЩІытхъу тхыльэ къаритащ.

♦**1812 гъэм** пащтыхь Александр Езанэм урысыдзэм и командующэ нэхъыщхьэу игъэуващ Кутузов Михаил.

♦**1903 гъэм** Пулитцер Джозеф игъэуващ и цІэр зезыхьэ саугъэт, литературэм, журналистикэм, музыкэм, театрым ехьулІэныгъэшхуэхэр зыхьэзыхьхэм ирагъэтыну. Иджыпсту ар саугъэт нэхъ лъапІэхэм щыщ щыхабжэ США-м.

♦**1928 гъэм** Москва кьалэм «Динамо» стадиониР къыщызІуахащ.

♦**1934 гъэм** СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и япэ съездыр зэхэтащ.

♦**1961 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ граждан зыхъумэжьныгъэмкІэ Іэнатіэр.

♦**1977 гъэм** «Арктика» совет мылкъутэ къхъыхьр, зы къэралми апхуэдэ хуэзэфІэмыкІауэ, ЩІым и ИщхьэрэІ полюсым нэсащ.

♦**1988 гъэм** ЩыкъуэдыкъуэкІэм я урысейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦Дунейпсо гроссмейстер, дунейм шахматымкІэ и чемпион **Ботвинник Михаил** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ иракъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэ, Мысырым щыщ адыгэлІ, мамырыгъэр хъумэныжьмкІэ Дунейпсо, Ленин саугъэтым и лауреат **Хъалид (ЖЭмбей) Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ иракъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхъэркъуахъуэ Инус** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ иракъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, егъэджакІуэ, СССР-м и цІыхубз артист **Табаков Олег** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ иракъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, сценарист, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м и цІыхубз артист **Губенко Николай** къызэралъхурэ илъэс 80 иракъу.

♦УэрэджыІакІуэ щІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артист **Магомаев Муслим** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ иракъу.

♦Америкэм щыщ актёр, режиссёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща **Роберт де Нирэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ иракъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Абдокъуэ Станислав** и ныбжьыр илъэс 75-рэ иракъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэш Мырзэбэч** и ныбжьыр илъэс 69-рэ иракъу.

♦Урысей фигуристкэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Ванкувер (Канадэ) 2010 гъэм щекІуэкІа щІымахуэ Олимп джэгуэхм жэз медаль къыщыдзыхьа **Доминиэ Оксанэ** и ныбжьыр илъэс 37-рэ иракъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 18, *бэрэжьей*

♦**Урысейм и Географым и махуэщ**. 1845 гъэм къызэрагъэпэщащ Урыс географие зэгухьэныгъэр.

♦**Азербайджанымрэ Къзахъстанымрэ щагъэлъапІэ я гъунапкъэхъумэ дзэхэм я махуэр**

♦**Таджикистаным и медицинэ лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**1682 гъэм** Урысей пащтыхьыгъуэм и тет хуащ Пётр Езанэр.

♦**1782 гъэм** Санкт-Петербург кьалэм къыщызэІуахащ Пётр Езанэм и фэеплъыр (иужькІэ «Гъуэлъэм къыхэщІыкІа шууей» зыфІащар).

♦**1787 гъэм** Урысейм щыяпэу рабочэхэм я демонстрацэ щекІуэкІащ Санкт-Петербург. Пащтыхьэ гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм хуэтхьэусыхэну къызэхуэсат ухуакІуэ 400.

♦**1900 гъэм** урыс инженер Перский Константин япэу къигъэсэбэпащ «телевиденэ» псалъэр.

♦**1920 гъэм** США-м и конституцэм зэхъуэкІыныгъэ халъхьащ, цІыхубзхэми Іэ яІэтыну зэрыхуитыр къыщыгъэлъэгъуауэ.

♦**1941 гъэм** ТхьэмахуэщІыхьэхуэ щекІуэкІащ. Абы хэтахэм къалэжьа сом мин 300-р Эхъуэмэжьныгъэм и фондым халъхьащ.

♦**1966 гъэм** Маззм и щхьэфэм сурэт трихащ НАСА-м абы хуэщІауэ иутІыпща Іэмэпсымэм икІи ахэр ЩІым къигъэхьыжауэ щытащ.

♦**1991 гъэм** Горбачёв Михаил Форос (Кърым) щыІэ зыгъэпсэхупІэм къыдэкІыну хуимыту даубыдат къэралым зэхъуэкІныгъэхэр щезыгъэзекІуэкІыну зи мурадхэм.

♦Нэмыцэ дипломат, адыгэхэм я псэукІэ-зэхэтыкІэм тетхьыха **Олеарий Іэдэм** къызэралъхурэ илъэс 421-рэ иракъу.

♦Совет композитор цІэрыІуэ, уэрэджыІакІуэ **Мигуля Владимир** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ иракъу.

♦УсакІуэ, КъБР-м щІэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Вындыжь Марие** къыщалъхуа махуэщ.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, прунж гъэкІыным елэжь щІэныгъэ центрым и унафэщІ **Хъурум Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 64-рэ иракъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хьэмаскіэр хьэ зэщІэгъавэщ.

● КъБР-100

Къалмыкъ БетІал зи пашэ большевик партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым хэтхэр.

Я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ

Бахъсэн щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управленэм дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, къуажэдэсхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ гъэ псом зэгугъуэ бжьыхьэсэ гъавэмрэ гъатхасэмрэ кІэрыхуншэу зэрыІуахьыжыным.

ПСОМ япэ бжьыхьэсэ хьэпцІийр кьрихьэлІэжащ Бахъсэнёнкэ щыщ бэджэндрылажьэ Батыр Вадим. Абы иІыгъ гектар 25-м зы гектарым хуэзэу центнер 38 - 39-рэ кьытриращ.

Районым бжьыхьэсэ гуэдзу гектар мини 4-м щІигъу иІэщ. Иджыпсту и гуащІэгъуэу хэгъуэр иокІуэкІ. Гектар къэс къытрах центнер 40-м нэблагъэ. Псыхъурей щыщ УэнащІэ Мусэ (бэджэндрылажьэщ) мы гъэм гуэдзу гектар 42-рэ иІащ икІи ар и чэзум Іуихьжащ, гектар къэс центнер 41-рэ кьытрихьу. Абы зыкъыкІэригъэхуакъым гектар 30 зыныгъэ Бахъсэнёнкэ щыщ арендатор Джатокъуэ Руслан, Гергоков Атмир (Бахъсэнёнкэ), Тенджыз Аслъэн (Куба), Кьетыкъуэ Азрэталий (Бахъсэнёнкэ), Тау Ратмир (Кышпек) сымэ.

ЩІыналъэм гъатхасэ гуэдзу иджыри гектар 144-рэ, хьэпцІийуэ гектар 780-м щІигъу иІэщ. Ари щІадзауэ Іуахыж, тІуми зэхуэдэу зы гектарым центнер 33 - 35-рэ кьытрах. МэкъумэшыщІэхэр зыхуеину мэкъумэш техникэхэмкІэ тэмэму къызэгъэпэщащ. Псом ящхьэр уэлбанэ кІыхь къытемыхьуэу гъавэр Іухьжынымрэ ахэр гъавэ гъэтІылъыпІэхэм щІэгъэзэгъэнымрэщ.

Хьэцэпэщэм кІэщІу къыкІэлъыкІуэнущ нартыхумрэ сэхуранымрэ. Бжьэрэн уэшхри и чэзум зыгъуэта гъавэм бэвагъкІэ щогугъ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Іуэху еплъыкІэ

Тхыдэр зэрыхуейуэ къыщІезыгъэдзхэр

Мамырыгъэ щІэхъуэпс дэтхэнэ цІыхуми хуэдэу, дэри дыхуейщ хэгъэгухэр, Іэпкпсъэр эзгуфІуу зэдэпсэуну. Абыхэм яку зэныкъуэкъу къыщихъуэм деж, мыгуэвапІэ иІэкъым. Гум ищтэркъым, хьэлэбэлыкъ къаІэтын гуращэкІэ, тхыдэм къыщыхъуа гуэрхэр фІэгъэнапІэ ящІыжурэ, зы лъэпкъыр адрейм щраутыр. Гутегъэхуэгъуейщ адыгэм пцІы къыщытралъхьэри. Иджыпсту къэралым и журналист, тхыдэдж, къызэрыгуэкІ щІэгъэстакІуэ гуп ерыщу тотхыхь, топсэлъыхь ди лъэпкъым езым я хэкужь зрахужауэ, я щхьэзыфІафІагъкІэ е хунэмысагъкІэ дуней псом езыр-езыру зытракъхъуэу адыгэхэм шэч ирагъэщыну, адрейхэм ар я фІэщ ящыну.

МЫ псалъэмакъыр къызыпкърыкІыр журналист Джерелиевскэ Борис и тхыгъэ «ЖылакІэ» - лъэпкъхэм я кІуэдыжыкІэ» зыфІищаращ.

Адыгэм хэкур зэрабгына хъуам Джерелиевскэр топсэлъыхь а Іуэху дыдэжым и зы лъэныкъуэ закъуэ хиубыдыкІауэ, абы щыгъуэми зэрыпхъэкІкІэ зэблиу. Тхыгъэм дыпэджэжу къэлъытэн хуей нэгъуэщІ куэд зэрыщыІэр утыку къэтщІынут.

Зы гупсыси, зы еплъыкІи щІыпІэ нэщІым къихъуэркъым, ахэр сытым щыгъуи Іуэху, гуращэ гуэрым телъэжьн хуейуэ къагъэщІ. Адыгэм лъэпкъкІуэд къэхуамыгъэкІуэуэ жызыІэр къэралым и тхыдэр зэрыхуейуэ ятхыжьыну зэрыбубда гупращ. Зыэрапщытыр Іуэху куущ, лъэныкъуэ куэд къызыхэльытапхъэщ, абы къыхэкІыу щыІар щымыІа пщІыныр гугъу дыдэ хъунущи, гъащІэ къэзыгъэщІа, щІэныгъэ зиІэхэр зэгуэхауэ, Урысейм и тхыдэм лъэпкъкІуэд къыщымыхъуауэ, къыщыхъункІэ хъунуи щымыІауэ щалуэж. Пэжым ещхь псэлъэкІэ яІэщи, Іуэху ищІу тхыдэр фІыуэ зымыджа цІыхум и фІэщ ящІыфынут.

Апхуэдэущ, псалъэм папщІэ, ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа Джерелиевскэм и тхыгъэр. Ди гуауэзшхуэм нэхъапэкІи тетхыхьахэм ягухьэри, мыбыи хэлъхьэныгъэ ищІащ щапхъэхэр къихьырэ, и Іадакъэщ Іэкъым еджэнухэм я псэм зэрыльэлэсын псалъэ къыхищыпкІыырэ. Пэжыр пцІы щІын, зэрыщытар зэрыщымытауэ къыщІегъэнрадзэн - арацэ пщэрылъ зыхуищІжар. Бзаджэу бгъэдыхьэ - гуращэм. И псалъэр къыщришажьэр Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакІэ» романращ. Абы етх мыпхуэдзу: «ЖылакІэ» романым и гъэщІэгъэнагъыр нобэ щІемыхуэхьр ар Іэзэу тха зэрыхъуам и закъуэхъым. Іуэхур зыІутыр араши, лІэщІыгъуэр някъуэ ипэкІэ къэхъуа гуауэр иджы политикэм ирашэлІэжьыну, куэд щІауэ жэщІыжа зэныкъуэкъумрэ лъагъуныгъэмрэ къагъэкъежьыну йолІалІэ къаруэ хуэрхэр. Абы теухуауэ уасэншэщ Шинкубэм и романыр, тхыдэм ирисондэждэхэм япоуври».

КІэщІу жыпІэмэ, адыгэм лъэпкъкІуэд къыззырамыщыІапІар Шинкубэм пэжу кІыигъэлъэгъуэжауэ жеІэ. Тхыгъэм и кІэм «тхакІуэ щаджащкІэ» Бэгърат йодэхащІэ, щыхьэт ищІыр къыззырымыкІуэ цІыхуу зэрыщытымкІэ езым жиІэм и уасэр дригъэуеину. ДрикІуэнщ мы журналистым и тхыгъэм, жиІэхэм я пэжагъыр къэтпщытэуэрэ. Абы етх: «Адыгэм лъэпкъкІуэд яІауэ ерыщу къэзылъытэхэр Урыс-Шэрджэс зауэм щыщІидзауэ къызыдэжэр Мэздэгу быдапІэр щаухуаращ...»

Пэжщ, адыгэ псори абы къыдобжэ. 1735 - 1739 гъэхэм Урысейм рэ Тыркумрэ зэхуэуащ. Ар щиухам зэращІылІа зэгурыІуэныгъэмкІэ, XVI лІэщІыгъуэм Іыандэрэ Урысейм и жьауэм щІэныгъэгурыкІуэ Къэбэрдеишхуэри Къэбэрдей ЦІыкІури си щхьэ хуитыж къэралгъуэзу ягъэуващ, Урысеймрэ Тыркумрэ зэпэщІэзэ щыІнапхъэ яку дэтыну. Хы ФІыцІэм и кхъуэ трегъэхэну хуимыту Урысейм къыпагъэувати, апхуэдэ зэгурыІуэныгъэр а къэралым дежкІэ кьеззэгъыртэкъым, евэлІэн хуей хуаам. ХэкІыпІэ лъыхъуэнут, дауи.

Адэкіэ Джерелиевскэм етх: «1810 гъэм нэсыху Урысейм Кавказым дриІэкІуэкІар зэрызыщихъэмэн политикэщ. Мэздэгу быдапІэр яуха нэужь, илъэс 50-м и кІуэцІкІэ къэзакъэрэ урысым и дзэри Псыжь и ижьырабгъу лъэныкъуэм щысащ, «адрыщІ хьэкІэжхъуэкІэжр» къатемыуэным кІэлъыплъу. Шэрджэсхэм я щІым зращІытыр гуращэ яІакІыпІ. Псыжьбзэ Лабэрэ щызэпырыкІар зэззмызэхэщІ, ари къыщыхъуар бгырысхэр кьатеуэр ирахужьжэхурэщІ».

АдыгэщІым зрапщытащ. Пэжщ, зауэ гуэрщІыпІэртэкъым, ауэ сыту пІэрэт зыщІашыІэр? Джерелиевскэм жьауІэ илъэс 50-м кхурибудзэу Урысейм щеКІуэкІам дриплъэжынщ:

1760 - 1764 - уней е къэрал заводэ, фабрикэхэм щылэжьэн хуейуэ кІэрапхъа мэкъумэшыщІэхэм Уралым зыкъыщаІэт зэпыту екІуэкІащ.

1768 - 1774 - урыс-тырку зауэр екІуэкІащ.

1771 - цІыху куэд зыхьа емынэ узыр Мэзкуу дэлъащ, унафи жьэгуфи щымыІэжу псори хъэжьэпхъажэ ищІауэ.

1772 - Лыхь жьилэр (Польшэр) ягуэшыжащ.

1773 - 1775 - Іэщэкіэ зэщІэузэда мэкъумэшыщІэхэм зыкъаІэтащ, Пугачёв Емельян я пашэу.

1783 - Кьрымыр зыгуиГъэхьащ.

1783 - 1797 - къэзахъ цІыхубзм зыкъаІэтащ, Датов Сым я пашэу.

1787 - 1791 - урыс-тырку зауэр екІуэкІащ.

1788 - 1790 -Урысеймрэ Швециемрэ зэзэуащ.

1793 - Лыхь жьилэр етІуанэу ягуэшащ.

1795 - Лыхь жьилэр ещанэу ягуэшащ.

1799 - Суворовыр Италиемрэ Швециемрэ зэуакІуэ кІуащ дзэ и гъусэу.

1804 - 1813 - Ираныр еззуащ.

1806 - 1812 - урыс-тырку зауэр екІуэкІащ.

1808 - Швециемрэ еззуащ.

1812 - Наполен Урысейм кьытеуащ.

Абы хэлъхьэж гъей куэдрэ къызэрыхъуар. XVIII лІэщІыгъуэм илъэс 34-рэ хэтащ гъавэ къащемыхьулІа, цІыхур шхынщІэлІэу къызэхэнауэ, XIX лІэщІыгъуэм и япэ щІэлъэнкъуэм 35-рэ гъей къэхъащ. А псом къэралым и лъэр щІех, мыхьэнэшхуэ зиІэу къиІытэ Іуэху гуэрхэри эжІэ ІэщІыб ищІын хуей мэхъу. Апхуэдэт Кавказыр къэзэури.

Урысей пащтыхь Павел Езанэр зэрытета тІэкІум хуэзэу, пэжщ, Кавказым къеззуэн гупсысэр тепщэу щытакъым. Урыс политик Жигарев Сергей къызэрилъытэмкІэ, ар хущІэкъурт и анэ Екатеринэ ЕтІуанэм зэрихьа политикэм пимыщэну. Павел Езанэм къэзылъхуар фІыуэ зэримылъагъум и фІыгъэт Кавказым щыІэ дзэр зэрыриІыжьар.

Адыгэпщэм Мэздэгу быдапІэр къызэралъытар езыхэм къаззэрыпэщІэувэ Іэмалущ. Абыхэм къагурыІуэрт а быдапІэр урысыдэ хэкум къэзэрыпэщІэжьэм, зэрызыщигъэбыдзэм и щыхьэту зэрыуеВыр. БыдапІэр яухуэн папщІэ адыгэ щІым щыщ Іыхьэфэ яубыдат. КъимыдзкІэ, зи щхьэ хуимыт адыгэ мэкъумэшыщІэхэр щІэпхъуэжурэ а быдапІэм зыщагъэпщкІурт, я унагъуэщІэхэр яхъуэжырт, чыристан диныр къащтэри, зи ІэмышІэ ильэхэм я Іуэху къаХэмыльныж хъурт. Кьахуэнэхэм елытауэ щІэпхъуэжхэр куэд дыдэ мыхъуми, мыдрейхэм щапхъэ яхуэзхурт Іумпіафіэу щымытынымкІэ. Ари хэтт адыгэпщэхэр зыгъэгубжьым. Мэздэгу быдапІэр Іуихьжьыну елъэІуу зэкъым абыхэм лъэІу тхьилъ Екатеринэ ЕтІуанэм зэрыхуагъэхьар, ауэ арэзы къадэхъуакъым, иужьым щхьэтехауэ къажриІащ: зэи Іутхынукъым, абыкІэ зэи арэзы дыхъунукъым.

Аращ адыгэпщэхэр быдапІэм къытрагъэззэжурэ теуэныр кІызыхэкІар. Сыт хуэдэ лъэпкърат апхуэдэ дыдэу зымыщІэнур, адыгэм яІа щхьэусыгуэхэм хуэдэ яІэмэ?

Арэзы урихьнкІэ Іэмал зимыІэу Джерелиевскэм етх: «Мэздэгу быдапІэм зыщагъэпщкІурт я адэ-анэм Тыркум иращэну унафэ зытращІа сабийхэм». Сабийхэр щІэпхъуэжи сощІ, ауэ зи быныр зыщІэжьну зигу кІэкІ адыгэм яхэтакъым. Кьэхъуащ цІыху щадыгуи щащи. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьыр мыльку щхьэкІэ сытри зыщІэну хьэзыр цІыху Іейхэрат. Адыгэм къэзылъхуарэ къыдальхуамрэ папщІэ сытри яхуэщІэну къэгъэгурыкІуащ. Іуэхугъэщхуэ къиІэтауэ тепсэлъыхьым тегъэщІапІэ ищІын хуейр хабзэу кьеКІуэкІращ - армыхьумэ зззэмызэ е зэрымыщІэкІэ. Псоми зэрыгъэзэжьу щытыкІэ яІэу жиІэурэ. Хузбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, урысхэми я хэмэтэкъым цІыху щэнымрэ къэщэхунымрэ. Урысейм и тхыдэджхэр а тыгъэм зэреджар «дипломат ІуэхуэхьэкІэщІ». Абы иужькІэ Суворовым нэгъуейхэм лъэпкъкІуэдыр къахуиГъэкІуащ.

Дыхэплъэнщ Урысей къэралыгъуэм цІыху щэн-къэщэхуным техуухауэ и Іуэху зыІутам, адыгэм апхуэдэ щхьэусыгъуэкІэ кьеззэуэну щыпІыхьакІэ. Кьэтщтэнщ Павел Езанэм и тетыгъэр. МэкъумэшыщІэхэр ящэну хуитт, ауэ зы унагъуэм щыщхэр зэкІэрачыртэкъым. 1796 гъэм хабзэ къыдэкІащ мэкъумэшыщІэхэр зэрыхуейуэ зы щІыпІэм икІыу адрейм кІуэну хуимыту. Павел Езанэм зэпымычу игуэшащ и мэкъумэшыщІэхэр. Ильэситхут ар зэрытетари, абы кьриубыдэу цІыху 530-рэ итащ, Екатеринэ ЕтІуанэр ильэс 34-кІэ тетати, итар 850-щ.

Урысейм цІыху щащэ, щат, щагуэ жиІэу зы къэрали кьытеуакъым, езым Кавказым апхуэдэ Іуэхуэхэр щигъэувыІэн хуейуэ жиІэри дзэ кьришащ.

Джерелиевскэм зауэ яхъхъеям и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыуэ кьегъэлъагъуэ лъыщІэжьыр лъэпкъым къыдекІуэкІыу зэрыщыстар. Пэжщ, диІащ апхуэдэ хабзэ. Зэрыхуейуэ зэрыуекІыжыртэкъым, ауэ зи цІыху яуклам, ягъэпудам, уІэгъэ ящІам, зи цІыхубз и нэмыс къыжьэхэуахэм ялъ ящІэжьрт. Люльэ Леонтий итхьгъащ: «Бгырысхэм дежкІэ лъыщІэжьыр кІыпхужьэдэмыкъэн, ІэубгьыдыпІэнщэ хьэп-щэну аратэкъым, корсиканхэм я лъыщІэжьыкІэм ещхьу. Адыгэхэм дежкІэ ар цІыхум и щхьэм хуищІыж пщІэм, цІыхубэм я Іуэху еплъыкІэм къыпкъырыкІ пщэрылъщ, лъыр лъыкІэ пшынэжьым къыхокІ». Кьэрал хэгъэзэныкъыгъэ щызэмыкІуэ лъэпкъым дежкІэ лъыщІэжьыр къезэгъ къуат, щІэпхъаджагъэ къэмыхъуным телажьэну. Люльэ адэкІэ къыхегъащ езыр ди щыІпІэм къыщихьам ирихьэпІэу лъыщІэжьыр кІащхъэ хъуауэ зэрыщытар, апхуэдэ къэхъумэ, ягъэщІагъэуэ.

Джерелиевскэм къытхужиІэхэм ящыщу ущІэмыдзуэсфынщ адыгэпщэхэр зэпэщІэту зэрыщытар. Абы насыпныншагъэ къиІэрт. Кьэбэрдеишхуэмрэ Кьэбэрдей ЦІыкІумрэ зэрызэпещІэувам къыхэкІащ Джылахъстэнейм я уэрхъэр къащхьэщыжыну Урысейм елъэІуныр. Ахэр хуейт урысым и щы кІапэ къыІахьу абы итІысхьэну. Урысейр абыхэм нахуэу кьадэІэпыкъуфынутэкъым, адыгэхэр Іэпхъуэныр фІэфІ хъуам. 1739 гъэм Тыркум иращІылІа зэгурыІуэныгъэр зэран хъурт. Абы теухуауэ урыс тхыдэдж Бутков Пётр итхащ: «Иджыри щхэ Урысеймрэ Кавказымрэ я гъунапкъэхэр игъащІэ лъандэрэ зэрыщытам тетащ, ауэ иджы урыс къуажэхэр Кавказым и гъунэхэм къотІысэкІ, Тарчыпсым дэкІуейуэ ІуотІысхэ; Сулак быдапІэри кьызэрагъэпэщыжыну гупсысэ щыІат. А къуажэхэм Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм щыщ дагъэтІысхьэну щогугъ: чыристан диныр къэзыщтэ осетинхэр, кистхэр, адыгэхэр, апхуэдэу ермэлыхэр, кupжыхэр. Абы фейдэуэ хэлъыр Кизляршыбм цІыху нэхъыбэ исыхукІэ лейзэхэхэр нэхъ Іэсэ пщІыну тынш хъунущи арацэ».

Тэрчыпсым къуажэхэр Іуагъэтыс-хьэу унафэ къызэрыкъуэкІыу, Кашокъуэ Кургъокъуэ Бытырбыкъу дэсхэм закъригъэщІащ и цІыхухэр и гъусэу езыр абы яхэтІысхьэну зэрыхьэзырымкІэ, адрей лъэпкъхэри Іэпхъуэну зэрыгригъэгушхуэнумкІэ. ЖиІэр зэрыпэжым и щІыхьэту, чыристан диныр къищтащ, Иванов Андрей цІэр кьыфІащащ, и щхьэгъусэри и бынри чыристан хуащІ. Ар подполковникым ящІащ, улахуэфІ къыпкІуэу, Черкасскэ-Канчокину зитхыну хуитт, езым дыщэу, и блигуэщітищым дыжьыну медаль къратащ».

«КъэунэхуагъащІэ чыристан джьинэзыр хагъэдат щыпсэуну къыхихынымкІи, Тэрчыпсым и сэмэгурабгъум щыІэ Мэздэгу Іэхэльахэр нэхъ къищтащ. 1763 гъэм абдежьм быдапІэ щахуэн щІадзащ, къэрал мылькум къыхэкІыу Кургъокъуэрэ подполковник Гаакрэ унэ зырыз щхьэхуахущ...», - етх Бутковым. Подполковникым и тхыльым къыщыхегъэщ адыгэпщэхэм я щхьэхуитыныгъэм тешыныхьурэ, а быдапІэр зэтракъутэну куэдрэ яужь зэрихьар.

Мэздэгу Іэпхъуа адыгэхэм ятеухуауэ Джерелиевскэм жеІэ: «Хэшыпсыхьынри чыристан дин къащтэнри Іэмалынщэу щыттэкъым. Урысым гухъа бгырысхэм я пщэ къыдэхуэр зы закъуэт - зыгухьам хуэарэзын, я хабзэм тетын. Абы пэкІуэу абыхэм я щхьэр хуэма хъурт, я Іуэху зэрыхуейуэ зэрахуэжырт, мамыру псэурт, нэгъуэщІ фІыгъуэхэри яІэт (хьэкъулэ ирагъэтыртэкъым, дзэм хэмыхьэми хъунут, зэрыІэпхъуам пэкІуэу ахъшэ къратат). Абыхэм я хабзи, я дини зыми и гугъу ищІыртэкъым».

Ари пэжкъым. ЩІэпхъуэжу быдапІэм кІуэкъэм чыристан диныр къащтэн хуейт зи ІэмышІэ илъам и Іуэху къэхэмылъыж, быдапІэм щыпсэу чыристанхэм хуэдэу я щхьэр хъума хуэн папщІэ. Диныр щихьэжкІэ и цІэри хъуэжьн хуейти, ар адыгэжтэкъым. Арат дэни щыхабзэр. Урыс пащтыхь Иван Грознэм Кьэзан къищта нэужь тэтэрхэм чыристан диныр къарагъащтэу хуежьащ. Абдежьм я тэтэрыныр яухырт.

Джерелиевскэм адыгэхэр егъэжъкъуэнэ Мэзкуу къэралыгъуэм теуа лъэпкъхэм зэрахэтамкІэ. Адыгэхэр Куликовэ губгъуэм ирауКІыхьа Мамай дэщІу зэрызэуар фІэфІкъым. Арат, жеІэ, Урысей къэралым и гъунапкъэхэр игъэбыдзэну ипщэкІэ щІэлэбар.

Пэжщ, теуэ ящыныр адыгэхэм къадзгъэугурыкІуащ, ар хабзэ хэхам тетуи екІуэкІырт. Урыс-Кавказ зауэм щІидза нэужьщ адыгэпщэхэр, адыгэ уэрхъэр хабзэм пщэрылъ къащищІхэм ебакъуэу щыхуежьар. Урыс къуажэхэм теуэрт, езым я щІым къихьахэм езаузу къаІытэу.

Мамай гуэта адыгэхэм ятеухуауэ. А зэман жьыжьэм къэхъуам хуэмыпІэ хуэнур мыращ: пщІэкІэ зэуэну кІуа адыгэхэм сытым щхьэкІэ утепсэлъыхьын хуей, урысыпщ Рязанскэ Олег Мамай и лъэныкъуэу щыуакІэ?! ДэІэпыкъуэгъу хуигъэкІуащ, урысхэр зэрыкІыну лъэмыжхэр икъутащ, зауэм кьелуэ къэкІуэжхэр ихуунщІащ, гъэр ящІауэ къахухэр кьатрихащ. Апхуэдэ щыкІэкІэ езым и зауэлІ мащІэ хъуажэр иригъэкъужынут, и пщыгъуэ тхьэмыщкІэ хъуам зригъэужьжьынут.

Мамай жиІауэ ятх мы псалъэхэр: «Сэ сы-Мамайщ, сэ сыльэщщ. Сытеубжьхащ сэ хабзэжьхэми Ясэми, сэ тезгъэува хьанхэр зыгуэрхэм нэпцІу къызэралъытэми. Тетыгъэр пхъэкІэн джэгум хуэдэщ. Джэгу». Мамаи Куликовэ губгъуэм щымыІэхэуэ трагъэчыныхь яныныкъуэ тхыдэджхэм, ауэ Мамай и псалъэу жыхуаІэхэм темыта урыс пащтыхьэм яхэмыту къысщоХу.

Джерелиевскэ Борис ину жеІэ адыгэм лъэпкъкІуэд кьрамащыІплаІуэ. Сыхуейщ а зауэм хэтахэм, зи унафэкІэ екІуэкІахэм ятхыжам щыщ щапхъэу къэсхьыну.

2003 гъэм Мэзкуу щыІэ «Алгоритм» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІыжащ Кавказым щыІа пащтыхьныкъуэ Михаил Николай и къуэм и дэІэпыкъуэгъуа, Кавказым щыІэ урысыдэхэм и Іэтащхьэу щыта генерал-лейтенант Фадеев Ростислав «Кавказ зауэ» зыфІищауэ щыта и тхылъыр. Абы щетх: «Кавказым и къухьэпІэ лъэныкъуэм щыдубла зауэмкІэ къэтхьынри абы и екІуэкІыкІэнри зыкІи ещхьтэкъым кьуэдкІыпІэ лъэныкъуэм щекІуэкІам... Шэрджэсхэм я щІыпІэр европей хым и Іуфэм зэрыщыІэм, абыкІэ дуней псом епха зэрыхъум кьыхэкІырт щыпсэу лъэпкъхэр кьэбзэуКІэ Іуэхур зэрыщэфІэмыкІынымр. А щІыпІэр Урысейм кьыІэрыхьэным нэгъуэщІ Іэмал иІэтэкъым, къэгъаза имыІэу уэрыс щІыным фІэкІа. КьэуэкІыпІэм къыщезэгъа хэкІыпІэхэр кьухьэпІэм хуэкІуэртэкъым: Хы ФІыцІэм и къухьэпІэ лъэныкъуэр урысыщІ тщІын папщІэ абы щыпсэууэ хуэар игъэкъэбзыкІын хуейт... Куэд укІын хуейт, адрей кьэнам Іэщэр зэрыТыпІыпІэн щхьэкІэ... ЩІыпІэм ис лъэпкъхэр зэтеуКІауэ Кавказ зауэр кьэгъаза имыІэу ухын хуейуэ Евдокимовым кьыхилъха бгъэдыхьэкІэр политикэ и лъэныкъуэкІи гъэззщІа зэрыхъунумкІи телъыджэу куут... Бгырысхэр ихуауэ Кавказым и къухьэпІэ лъэныкъуэм урысыр игъэтІысхьэн - арат зауэм и иужь илъэсипІым дызыпэрытар».

Урыс пащтыхь Николай Езанэм граф Паскевичым хуетх 1829 гъэм (Тыркум езэуэн иуха къудейт): «Апхуэдэ зы Іуэху дахэ зэфІэфкъэкІащ, иджы нэгъуэщІ кьыппоплъэ, сэркІэ апхуэдэ дыдэу дахэу, фейдэуэ къыпыкІынымкІэ фІыуэ нэхъыщхьэу - зэи зыкъамызІэтыжьыну бгырысхэр зэрытІысхьэн е абыкІэ мыарэзыхэр зэтеуКІэн».

«Кавказыр зэрыщыту убыдын хуейуэ унафэ къащта нэужь, а зауэр зэриуухыну щыкІэр Іупщі хъуат, ауэ и кІыхьагъкІэ Санкт-Петербургыр хущІэкъуад лъэныкъуитІми зэкІуадэр гъэмэщІэным», - етх Джерелиевскэм. Абы теухуауи езы зауэм хэтахэм ятхыжам деджэнщ.

«Кавказым и къухьэпІэмрэ къуэкІыпІэмрэ я мыхьэнэр зэщхьэщыкІырт хы Іуфэм Іусхэр я щІыпІэм къинэжмэ, Урысейм ей дыдэ зэрымыхъунумкІэ. Псыжь и адрыщІы урыс унафэм щІэуэныным щхьэкІэ, хы ФІыцІэм зы фоч зэрыщыуэу щыпсэухэр дэ къыптпэщІэуэвэжу абы ипэ гуащІэу етхьэлІар мыкІуэдын щхьэкІэ, егъэкІуэкІын хуейт ящІыбжэ зауэ кІыхь, мылькушхуэ текІуадэу щытми... Ди къуажэ къэс ди нэІэ тетыну Іэмал диІэтэкъым, ауэ дунейр щымамырми абыхэм урыс унафэм щІэт цІэр зэрахьэн къудейуэ арат. ЗыгуэркІэ зауэ къэхъеймэ, Псыжь къещІыІла щІынальэр бийр Кавказым и гъэм зэрынэсын бжэ зэІуха хуэнут. Зауэ къэхъеину хъыбар къыззрыІуу, ди дзэр 1855 гъэм зэрыта щытыкІэ дыдэм къиухтэжьынут, абы щыгъуэ хуэдэ быдзу и пІэм ижьыбауэ, зыри зэрыльэмыкІыр тлъагъуу...

Исхэр зэтеуКІэн, дзэм яужь иту урыс къуажэхэр гъэтІысхьэн - апхуэдэ политикэм ипкъ иткІэ, 1861 гъэм и ГъатхэМ щыщІэдзауэ 1862 гъэм и ГъатхэМ нэсыху Псыжь и адрыщІым урыс къуажэу 35-рэ ирагъэтІысхьащ, шууеидзипІ къызыхэкІа унагъуэу 5482-рэ хъууэ.

Адыгэр и щІым къранэжьну сыт хуэдэу мыльэІуами, зыри къикІынутэкъым. ЛъэІуаи щыІат, ирамыху закъуэмэ сыт и лъэныкъуэкІи Урысейм дэІэпыкъуну, едэІуэну жаІэу. КъригъэІакъым. Мыадагъэу, сыт хуэдэ лъэпкъ хы Іуфэм Іусами, кьапэплъэр арат. Зэгуэр зыубыда къэралым и Іэщэр хуимыгъэзэжьным щхьэкІэ ирагъэкъэбзыкІынут.

«Кавказым теухуа гукъэкІыжхэр» тхылъым Венюков Михаил щетх: «Зауэр щыслъыбгъу имыІэу екІуэкІыр. Дэ лъэбакъуэ зырызурэ дыкІуатэрт, бгырысхэр зы щІыхьи къэмыкнэу дгъэкъабзэурэ. Кьуажэхэр щэ бжьыгъэкІэ-рэ зэтедгъэсхьат, гъавэм шыхэр хэдутІыпщхьэрт е ауэ зэхэдутэрт. ЗыгуэркІэ къуажэхэм иджыри цІыху дзэу къыщІэкІамэ, занщІэу щхьэхуимыту мы Іуфэм яхуртри, адэкІэ Тыркум ирахурт. Фарс дж абэзэхэм я кІуажэхэр махуищкІэ мафІэм щисащ, и хъуреягъыр Іугъуэ дыджым зэщІищтауэ. ГъэІэпхъуэныр фІы дыдэу къыдэхъуІэрт...».

Іэпхъуэным щІыхур ехулІэныр Урысеймрэ Тыркумрэ зэрызэгурыІуам тету екІуэкІащ, ауэ Тыркум и гугъакъым щэрджэсхэр апхуэдиз зэрыгъэхъуну. Урысейм кьыжриІэрт Іуэхур къызэтрагъэувыІэну, ауэ зыжраІэм зэхихьртэкъым. Езым Тыркум унафэ хуищІыр адыгэхэр урыс гъунапкъэм пэжжьэу игъэтІысыну.

Фэмилсон Григорий етх: «Мы махуэхэм къытІэрыхьар бгырыс зыбжанэм я хьэдэти, я щхьэр паупщІри, чэтэным къэгъаІадащ. Вельяминовым зы щхьэ къэс тумэн къарет, щхьэ къупщхьэхэр ЩІэныгъэ академием ирегъэхь. Араши, зы бгырыс и щхьэ хъэс зззауэ къокІ... Хьэдэрэ щхьэ пыупщІаэр щхьэкІэ зэныкъуэкъуныр Кавказым щызэауэжм хабзэ яхуэхъущ. Кьэзакъэм я бжьм чэтэным кІуэцІыпІэу фІэпІ щхьэжэр япэу щыслъэгъуам цІапІагъэрэ гущыкІыгъуэу кІыщсщІыхъуат».

«Сэ лъэр къокъуалъэ, шыуаным итым хуэдэу, си Іэпкъпкъыр мэкІэзыз, жьІэмыдаІуэхэм филькІэ фи щІыр згъэнщІыну апхуэдизкІэ сыщІоХуэпсри... фыпэплъэ, вжьзоІэ сэ, си хабзэм тету джатэрэ топкІэ фи лъыр псыуэ я езгъэжжьнущи. Фи псы ежэхэм и ирикъунур псы утхъуаькъым, атІэ псы плъыжьщ, фи унагъуэм щІэсхэм я лъым ириІауэ», - итхырт генерал Циционовым.

Зи тхыгъэ дытепсэлъыхь журналистым зэрыжиІэмкІэ, и кІыхьагъкІэ Урысейр зыхуеяр бгырысхэм зауэншэу ягурыІуэныр, сатэ ярищІыпІэну хущІэкъуащ. Пащтыхьым и тхыдэджхэм жаІэр нэгъэщІщ: «... урыс къулыкъущІэхэм языныкъуэкІэ щхьэусыгъуэ лъыхъэрт бгырысхэм ятеуэу фочауэ макъкІэ я лъыр кьызэщІагъэпэлъэн папщІэ».

Мис нэгъуэщІ щыхьэти. Генерал Слепцовым губжь хэлъу етх: «Сыт хуэдэ хуитныгъэ яІэ а хьэкІэжхъуэжкІэм хуэдэхэм мы щыпІэ телъыджэм щыпсэуну? Дуней псор зи ІэмышІэ иІэ Тхьэм и унафэкІэ ди пащтыхь нэхум дигъэкІауад абыхэм я къуажэкэр зэтеткъутэну, цІыхухуэу Іэщэ зыІыгъыфыну къуар зэтедгъІэну, цІыхубзхэм я ныбэр етсыпэхьну, хъунщІакІуэ яжьыпльхэр хуэдэу...»

Уегъэдий генерал Ермоловым итхам: «Емынэ узыр (Астрахань къикІахэм Къэбэрдейм къухьар) дэ къыддэщІырт адыгэм датекІуэныжьмкІэ, сыту жьыпІэмэ Къэбэрдей ЦІыкІури гъэкъэбзыкІри, Къэбэрдеишхуэри апхуэдизкІэ инэщІіати, къаруунщэ хъуахэр зэхуэсу къыддэзэуэну яльэкІыжьыртэкъым...».

Грибоедов Александр 1825 гъэм Бегичевым хуетх (Грибоедовыр Вельяминовым и гупым хэтт а зэманым): «Ермоловым и цІэм иджыри цІыхухэр егъэгужьеІ, Тхьэм жиІэ а гуакІуагъыр абы фІэмыкІуэдыну... Я щхьэр пытпъэ дрикІуэнущ, тхыдэми дытоубжьытхэ».

Сытым къыхэкІа Урыс-Кавказ зауэр? Абы и жуэапщ ПоттО Василий итхри: «Зауэ мыухъжьым и гъуэгуэум имыгъэпІейтеижь Урысейм и лЫхъужьхэр щыгъупщэнукъым, Кавказым лЫгъэ-рэ хэкум хуаІэ пэжныгъэмрэ къыщагъэльэгъуащи. Арыншамэ, езыхэр зауэм хуэщІарэ я щыпІэм къихъумэжу, а лъэпкъыр къбгъэлъурыщІэнкІэ Іэмал зимыІэу къыщІидзынут. ...Ауэ хитІым я кум дэлъ Кавказ щІыналъэм урипІэныр ирокъу Урысейр Кавказым пэщІэувэнкІэ фІэкІыпІэ зимыІэу зэрыщытар къыбгурыІуэн папщІэ. Арат мыбдежьым щытепщэну лъэпкъ куэдрэ къэралыгъуэ куэдрэ щІэныкъуэхъуар ... ЩІы сэтей бэгъуа зыІэрыбгъэхьэным, зым адрейр жуэв ити лъэпкъэр кьыптемыуэным и ІункІыбзэр Кавказрат».

1860 - 1870 гъэхэм, Тыркум къащыпэплъэр къагурыІуэри, хэкум икІаэхэр къихьэжьну хуейуэ мызэ-мытІыу къэлъэІужат. Апхуэдэ лъэІу тхылъым Александр ЕтІуанэм тритхащ: «Тхьэгъэзэжьным теухуауэ псалъэмакъ къудеи щыІэ хъунукъым». Зы мащІэ тІэкІущ езым я кьарукІэ къэзыгъэзэжьыфар.

Джерелиевскэм зы ІуэхугъуэкІэ арэзы удэхъу хъунущ: «Урысейм иубыда щІыналъэр нэщІу къэнэнкІэ къэшынэжри, икІыну трагъэгушхуэу щытамэ, иужьым ирамыгъэкІыным телажьэу щІадзат...» Сыт хуэдиз къэзакъ адыгэ хэкум кьрамышами, щыІуэ кьауэщІар из ихуэщІакъым. Арати, адыгэ «хьэкІэжхъуэкІэхэр» хьэлэмэт хъужащ. Урысейм къикІахэм къыздэкІуа щІыпІэм худи губгъуи щахуэзехьэртэкъым, жыг хадэ гъэкІыпри, Іэщ зехуэнри, бжьэ зехьэнри яхуэзфІэкІыртэкъым, адыгэм я псори гъуэзджэу кьаХъуПІэу щытами.

Американ тхыдэдж Ричмонд Уолтер зэрыжиІэмкІэ, Ермоловым илэжьа закъуэм хьблъаГъуэ щІыпІэкъуІэдым и нэщэнэу Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгуэхьныгъэм (ООН) игъэбелджьыпам щыщу тху, Евдокимовым иригъэкІуэкІар блэкІыпІэ имыІэу лъэпкъыр ихун (этническая чистка) политикэщ - Ричмонд къыззрилъытэмкІэ, «иджырей зэманым щыяпэу къыщІэкІынущ». Къуэкіыпіэ лъэныкъуэм и тхыдэр зыдж американ щІэныгъэлІ Брайан Глин Уильямс кьелъытэ хэкуКъутэ зращІылІа адыгэ лъэпкъым и щхьэм къриКІуар «иджырей Европэм япэу къыщыхъуа лъэпкъкІуэду».

«...Нобэ щэрджэс картэр аргуэру Урысейм и зэран къыхэкІын хуэдэу зэрахуэхьІну хущІэкъу щыІэхэщ, - жеІэ Джерелиевскэм. Идж Тыркум къыгъэщІ Америкэм и Штат Зэгуэтхэр, Европей Зэгуэныгъэр, Куржыр, уеблэмэ, Израильр. Абы папщІэ иросондэждэр илъэси 160-рэ ипэкІэ къэхъуа Іуэхугъуэм. Ди къэралым и бийхэм къарууэ яІэр ирахьэлІэ адыгэхэмрэ я Іуэнэгъу пІэлъэкІыпІэмрэ я кум хьэлэ дауІэным, Кавказым щІэрыщІэу хьэлэбэлыкъ кьыщагъэхуным».

Ди лъэпкъыр мафІэм щисым псы Іэбжьыб кІэхъеІымыкІахэм иджьпстуи фІыцІфІкІэ кьыддащІ хуэдэу зэщыркъыным, езыхэм я политикэм ди гуауэр щыщагъэсэбэпыну аращ. ФІэщъхуэгъуейщ хэкуКъутэ дызэрыхъуар гурэ псэкІэ зыхащІэу.

Адыгэм и тхыдэ пэжыр зэ мыхъуми зэ ятхужьну пІэрэ? Арэ фІэщ хуэгъуейщ. Зи псалъэ пхыкІ нобэрей тхыдэджхэ

Макъамэр псэм и джэрпэджэщ

***ЗыхэпсэукІыр макъамэщ, и къарур лъэпкъырщ, зыгъэкІуатэр гупсысэщ, зыпсыхьыр гуапагъэщ, зэхэплъхьэжмэ - насыпщ! И дунейр мыпхуэдзу зыкъыщыхуащ ди псэлъэгъум - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и «Амикс» уэрэджыІакІуэ гупым макъамэмкІэ и гъэсакІуэ, «Джэрпэджэж» уэрэджыІакІуэ гупым хэт Къул Дайанэ.**

Гущэкъу уэрэдкІэ къыщІэздзащ

- Си адэ-анэм зэрыжаІэжымкІэ, мазис сызэрыкъу лъандэрэ къызэш макъамэ. Си анэм къызжиІу щыта гущэкъу уэрэдыр си гум изубыдати, си жеиныр кІыщыкІуэхэм дежи, сэри а макъамэмкІэ закъеизагащІэрт. Илъэсищ сыхьуу ягъэ утыку сихьэри сабий уэрэд цІыкІу зГъэзэщІауэ щытащ. Абдеж щІэздзэри, зэпеуэхэм сыхэтащ, школым щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм уэрэд щыжысІащ, сыкъыщыфащ. ИтІанэ, илъэсипщІ сыщыхьум, си зэпеуэ хэтныр зэрыгъэлъагъэ, «Хуиту джэгу, еджэу сабиигъэ тынш ирелІэ», - жиІащ си анэм. Макъамэ школи сагъэкІуат, ауэ хъэзуакъым - сыкъэфэну, къэзжыкІыну сыкуейт. Псалъэм папщІэ, фортепианэм нотэ зззГъащІэу сыбГъэдэсын хуэдэу сытепыІэфыртэжым, си ныбжьэгъуэхэм я ГъусэУ сыдджэгуну сехъуэпсэрти.

Си адзм и «Амикс» гупым сыкІуэрт щІэхьщІыурэ. Я къафи я уэрэди зззГъащІат. Репетицэ яІэрэ зыГуэр къэмыкІуамэ, абы и пІэкІэ сащыхэуви къэхъурт. Илъэс 15 сыщыхьум гупым сыхыхащ. Псом нэхърэ сынэхъыщІэт, утыку щыгъынхэри ирамыдыкІауэ сухэхъуртэкъым. ШІолыр къэзэхьку сыхэтащ. Курыт еджапІэ нэужьым, Москва, Щукин Борис и цІэр зезыхьэ Театр институтым сыщІэтІысхьащ. Къэзухри, МюзиклымкІэ театрым илъэситкІэ сыщылэжьащ. Псори къарзынэт, псори фІыт, ауэ си гур кІыпІэтэм, си нэхэр лыдыкІ хуэдизу ситхьэкъуртэкъым си гъэжьагъэ гъэ. ИтІанэ, сэ си цІыху щыкІэр мыпхуэдэщ: езыхэр сызыхагъэхъэм сыхэтт, ауэ «мис мыр сигу ирохьри, сыщывгъэджэгу», схужыІэнутэкъым. «Къысхуагъэфащэмэ, езыхэм сыкъалъэгъунщ», - арат сызэрегупсысыр. Арати, республикэм сыкъэкІуэжащ. А зэманым «Амикс» гупыр илъэс 15 иригъэкІуат, концертхэр кІуэду игъэхьэзырт. Сэри садэІэпыкъуну сахэуващ.

«Джэрпэджэж»

- Зэгуэрым макъамэмкІэ «Джэрпэджэж» («JRPJEJ») гупым и оператор Васильев Тамерлан къэпсэлъащ, «зы уэрэд дыгъэтх» жиІэри. СыкІуэри ттхат, ауэ уэрэдыр схуэмыгъэзэщІауэ къысщыхъуат, сигу зыхуэзэгъэжатэкъым. Зэман дэкІащ. Аргуэру а гуп дыдэм хэт Къуэдзокъуэ Тимур къопсалъэ, «гущэкъу уэрэдитІ дыгъэтх», жиІэри. СокІуэ, уэрэдхэр къыхьадох, дотх. ИтІанэ, концерт ятынути, сраджэ. Сэ уэрэдитІыр жысІэну сыхуэзэу арат, ауэ концертыр иухыху сахэтащ, ИтІанэ, аргуэру си концерт. Ауэ иджы сахэзэгъауэ. Апхуэдэу сыхыхьащ «Джэрпэджэж» гупым. Иджы зы унагъуэ хуэдэу гуапэу дызэхэтщ.

Куэд щІакъым Тамерлан гупым зэрыжэкІыжРа... ИужькІэ Аппеш Бибарси. Бибарс гупым щыхэкІыжаи щыГуэ егъэлеяуэ къыттехьэлъащ... Зы концертышхуэ къыттпэщылЪу ирихьэлІат. Ауэ щыдгъэзыхьэрыпэ чэнджэщкІэ, Іуэхукіэ махуэ къэс кІыддэІэпыкъуащ. Абы щыгъуэ дгъэхьэзырэ концерт программэр Москва, Самарэ, Къэзан, Санкт-Петербург щыдгъэлъэгъуащ. Иужьрейуэ, Москва и Іэрыкъэ гъ.ІэщІагъэу иджырей гъуэзджэмкІэ щыІэ музейм пшыхь гукъынэжь къыщыщІэдгъэпэщащ.

«Джэрпэджэж» гупым сыхьыхьа нэужь, уэрэдыжьхэм сыдихьэх хъуащ. Дэтхэнэми и купщІэр, хъыбару и гъусэр, зыхуаусар - псори зззГъэщІэну сыхуопабгъэ, абыхэм теухуауи тхьигъэ щхьэхуэхэм сыкъэджэ. КъызгурІуараци, ахэр уэрэд къудейкъым, ахэр гъащІэщ: зыгуэрым и насыпп, и гуауэ, и гууз, и Іущагъ хэлъу. А псор зыхэпщІа нэужь, уэрэдыр макъ къудейкІэ бГъззащІэ хъужыркъым, уи псэм къыІэпыбох ахъумэ. И пэжыраци, сыкъызыхэкІа лъэпкъым ГъунэгъУ сыхуищІащ.

Сызэрыадыгэр си къаруш

- Москва сыщыщІежа илъэсхэм сэ нэсу къызгурІуэртэкъым сыкъызыхэкІа лъэпкъым и уардагъыр. Уеблэмэ къызыдджэхэм псэлъэкІэкІэ е гупсысэ гуэрхэмкІэ сазэремыщхьым сыщІинэщхьеи къэхьурт. Зэгуэр дезыгъаджэ зы бзыльхугъэ жеСат: «Уэрэд щыжыІэкІэ, сэ си макъыр къаззрысэхэщхьэхуэмкІэ, си гур ныкъуащ». «Абы уригушхуэн хуейщ, ар уэ уи щхьэхуэныгъэщ, ар екІущ, ар щэнхабзэщ. Дэ игъащІэкІэ тхузыхэмыщІэну уэ зы телъыджэ пхэлъщ», - кьызжиІат. А щыжиІа дакъикъэм къызгурІуатэмэ!

ИужькІэ, си Хэку сыкъекІуэлІэжауэ, а псалъэхэм я мыхьэнэр зыхэсщІащ. КьызгурыІуащ, сызэрыадыгэр си къаруш нэхьыщхьэ дыдэу зэрыщыІтыр. Пэжым ухуейм, иджыпсту куэд щыІэщ «Адыгэ уей-уей», жыхуиІэм я адыгагъэри, адыгэбзэри, гъэсэныгъэри кърагъэтІасэу е адыгэ фащэр дахэу ящыгъмэ, нэхъ адыгэ щымыІэ я гугъэу. Сэ си дежкІэ лъэпкъым нэгъуэщІ - ар гурэ псэкІэ зыхэсщІащ, гупсысэрэ зэхэщІыкІкІэ щхьэхуэ сызыщІщ, си гу къеуэкІэщ. Абы уогупсыри, бзэм и мыхьэнэри нэхъ зыхыбощІэ. Сэ анэдлъхубзэкІэ си гупсысэ къызоІуэтэф. Мис, уэ сынопсалъэ, псалъэм папщІэ, куущэу къысхуущІэмыгГалъэми. Ауэ, си псэлъэкІэм и щыщІэныгъэхэр языныкъуэ нэхъыжьхэм къыщыспагъэтІыпІыжьым дež, си гур щызуэкІыж щыІащ. «Тэмэму упсэлъэфырэкъым», «щыуагъэхэр хибощІыхь» е «адыдыд, мыбы и адыгэбзэр» - мы псалъэхэм сэ сагъэсэнэкъым, сыкъагъэувыІэну аращ. Мы гупсысэр си ныбжь куэдми жаІэу зэхьэзох: «ТебГъэгушхуэмэ, нэхъ къозэгъ, Іэпыбуд нэхърэ!»

Балигъ сыхъуну сехъуапсэрт...

- СыщыщІыкІым сыпІащІэрт балигъ сыхъуну. ЕбГуанэ классым сыщІэсу льэдакъэ сытеуват, хъыджэбзышхуэ сыщІэхьэкІ сфІэщІу. Ауэ абы балигъ сриухуащ. УеблэмэМосква сыщыщыІа ильэсхэмэ иджыри сыкъыІэпыкІатэкъым сабиигъуэм. Си гугъэмкІэ, унафэ гуэрхэр си щхьэ тесщІыхьыж сыщыхъуарщ балигъыпІэ сыщиувар. Нэхъапэм куэдыуэрэ сычэнджащэрт, абы си Іуэху гуэрхэр къыщыцІэхъи сыкъэхьурт. Иджы щыуагъэхэми апхуэдэу сащыщынэрэкъым, «сыщыуэну, Іущ сыхъунщ», жызоІэри, си гум жиІэм нэхъ тызощІыхь. Иужь зэманхэм лъэныкъуэ куэдкІэ зихъуэжащ гъащІэм хузиІэ епльыкІэм, зыри зыхэзмыгъэхьэфын зы дуней гуэри сиІэ хъуащ. Ди Іуэху епльыкІэхэр зэтемыхуэжуэр, ныбжьэгъу, цІыхугъэ гуэрхэри скІэрыхужащ, пэжым ухуейм.

Насыпыр щыІэщ

- Дыпсэуну тІэщІэгъупщыкІ хуэдэщ иныкъуэм деж - щхьэхуэ зыщІыпІэ дыкІуэу. Насыпыр-щэ?! Насыпыр езы гъащІэрауэ си гугъэщ. Абы дакъикъэ тельыджэу хэтырщ. Гу лъытгэн хуейуэ аращ. Дызэрыбауэр, ди лъэ хыкъэрихьыр, дыщІэкІыу къэткІуэхыну, диту къэкІа цІыхум дыІущІэну Іэмал дызэриІэр - мыхэр насып ирокъу.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Армырамэ емыкІу къащІынут

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «ЕсэнтІыгу» (ЕсэнтІыгу) - 2:1 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэуіум и 15-м. Щіыхуи 150-рэ ельащ.

Судьяхэр: Матвеев (Троицк), Гаджигусейнов (Мэхъэчкъалэ), Бахус (Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Сындыку, Шумахуэ З., Ольмезов, Шумахуэ И., Мэкъуауэ, Дзхъу (КІэдыкІуей, 60), Бенедык (Бахъсэнокъуэ, 85), Къумыкъу И., Багъэтыр (Бажэ, 71), Ашуев (Черткоев, 60).

«ЕсэнтІыгу»: Кулик, Айвазянц (Шамин, 46), Бурков (Лаврентьев, 46), Дзасохов (Хачатурян, 81), Дьяконов, Магомедов, Блиадзе, Карапетян (Миндадзе, 46), Дзиов, Бацэ (Моргоев, 86), Яськов.

Топхэр дагъэкІащ: Къумыкъу И., 45+1 (1:0). Бацэ, 48 (1:1). Бажэ, 90-пенальтикІэ (2:1).

Дагъуэ къыхуащІащ: Дзиовым, Багъэтырым, КІэдыкІуейм, Шаминым.

ВЭСЭМАХУЭ Налшык щыІэзхуэзат Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Іпэ гупым 2021 - 2022 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ джэгуГуэщитым текІуэныгъэм и Іэфіагъыр щыІэзхэзымыщІа ди щІалэхэмэр псомкІ къыщыхагъэщІа «ЕсэнтІыгумрэ». Абы къыхэкІыу я тренер нэхъыщыщэ Заздравных трагъэкІарэ и пІэкІэ зыри ямыгъэзыуэ хьэщІэхэр къэкІуат. Къыпщыхъунут «Спартак-Налшыкым» тыншу япэ текІуэныгъэр зыІэригъэхьэну, нэхъапэкІэ щыІа зэІущІэхэм ар ЕсэнтІыгум и командэм ящІэрт ЕсэнтІыгум и Іэфіагъэ. Сэ си дежкІэ лъэпкъым нэгъуэщІ - ар гурэ псэкІэ зыхэсщІащ, гупсысэрэ зэхэщІыкІкІэ щхьэхуэ сызыщІщ, си гу къеуэкІэщ. Абы уогупсыри, бзэм и мыхьэнэри нэхъ зыхыбощІэ. Сэ анэдлъхубзэкІэ си гупсысэ къызоІуэтэф. Мис, уэ сынопсалъэ, псалъэм папщІэ, куущэу къысхуущІэмыгГалъэми. Ауэ, си псэлъэкІэм и щыщІэныгъэхэр язныкъуэ нэхъыжьхэм къыщыспагъэтІыпІыжьым деж, си гур щызуэкІыж щыІащ. «Тэмэму упсэлъэфырэкъым», «щыуагъэхэр хибощІыхь» е «адыдыд, мыбы и адыгэбзэр» - мы псалъэхэм сэ сагъэсэнэкъым, сыкъагъэувыІэну аращ. Мы гупсысэр си ныбжь куэдми жаІэу зэхьэзох: «ТебГъэгушхуэмэ, нэхъ къозэгъ, Іэпыбуд нэхърэ!»

Балигъ сыхъуну сехъуапсэрт...

- СыщыщІыкІым сыпІащІэрт балигъ сыхъуну. ЕбГуанэ классым сыщІэсу льэдакъэ сытеуват, хъыджэбзышхуэ сыщІэхьэкІ сфІэщІу. Ауэ абы балигъ сриухуащ. УеблэмэМосква сыщыщыІа ильэсхэмэ иджыри сыкъыІэпыкІатэкъым сабиигъуэм. Си гугъэмкІэ, унафэ гуэрхэр си щхьэ тесщІыхьыж сыщыхъуарщ балигъыпІэ сыщиувар. Нэхъапэм куэдыуэрэ сычэнджащэрт, абы си Іуэху гуэрхэр къыщыцІэхъи сыкъэхьурт. Иджы щыуагъэхэми апхуэдэу сащыщынэрэкъым, «сыщыуэну, Іущ сыхъунщ», жызоІэри, си гум жиІэм нэхъ тызощІыхь. Иужь зэманхэм лъэныкъуэ куэдкІэ зихъуэжащ гъащІэм хузиІэ епльыкІэм, зыри зыхэзмыгъэхьэфын зы дуней гуэри сиІэ хъуащ. Ди Іуэху епльыкІэхэр зэтемыхуэжуэр, ныбжьэгъу, цІыхугъэ гуэрхэри скІэрыхужащ, пэжым ухуейм.

Насыпыр щыІэщ

- Дыпсэуну тІэщІэгъупщыкІ хуэдэщ иныкъуэм деж - щхьэхуэ зыщІыпІэ дыкІуэу. Насыпыр-щэ?! Насыпыр езы гъащІэрауэ си гугъэщ. Абы дакъикъэ тельыджэу хэтырщ. Гу лъытгэн хуейуэ аращ. Дызэрыбауэр, ди лъэ хыкъэрихьыр, дыщІэкІыу къэткІуэхыну, диту къэкІа цІыхум дыІущІэну Іэмал дызэриІэр - мыхэр насып ирокъу.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Москва къикІа ІэщІагъэлІхэм ІэнатІэр къапщытэ

УФ-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм Радиологиемкіэ и лъэпкъ медицинэ къэхутакІуэ центрым и ІэщІагъэлІ гуп мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІащ. КъэкІуахэм я къалэн нэхъыщыхьэ щытар республикэм лышх узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм хуащІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэм и фІагъыр къэпщытэнымрэ а унэтІыныгъэр езыгъэІэкІуэныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр убзыхуэныкъэрт. ЗэІущІэр екІуэкІащ «Лъэпкъ медицинэ къэхутакІуэ центрхэм зегъэужьыын, иджыпсту медицинэ технологиехэр ІэнатІэм къыщыгъэсэбэпын» федеральнэ проектым хэту.

ХЬЭЩІЭХЭМ къыхагъэщащ республикэм и онкологие Іэнатіэм зэхъуэжьныгъэ хъарзынэхэр зэрыщыІэр, «Лышх узыфэхэм ебэнын» федеральнэ проектым къахуигъэзэрэ зэрагъэзащІэм ипкъ иткІэ, узыфэр и чэзум къызэрахутэм и фІыгъэкІэ, илъэсым хъриубыдэу абы илІыкІхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар.

Урысейм и къалащхьэм къикІа ІэщІагъэлІхэм жаІащ Нарткъалэ дэт ЩІынальэхэм эздай, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ сымаджэщым Амбулаторнэ онкологие дэІэпыкъунигъэ щагъуэт и центрыр къэралым и адрей щІынальэхэм щыІэ апхуэдэ Іуэхущ Іапіэхэм зэрефІэкІыр. Абыхэм кьызэрагъэльэгъуамкІэ, центрыр зыхуей Іэмэпсымэхэмкіэ нэсу къызэгъэпэщащ, Іуэхум фІыуэ зэзыщІэкІ Іэщ Іагъэлхэр яІащ, сымаджэхэм хуащІэ медицинэ дэІэпыкъунныгъэхэр къэгъэльэгъуауэ щыІэ клиникэ чэнджэщхэм хуохІу.

Лышх узыфэхэм щеІэзэ республикэ диспансерым бзийкІэ зэрелэзэ терапиемкІэ и къудамэм щекІуэкІ лэжьыгъэми арэзы къыщІащ. «Мы Іэнатіэм Іуэхур хъарзынэу къыщыщІэгъэпэщащ, радиотерапеет, радиолог, медицинэ физик Іэщ Іагъэлхэр я щІэныгъэкІи, я щІэныгъэ дагъэнэщІ. Апхуэдэу гу лъытащ онкохирургие къудамэр фІагъ лъагэ зиІэ технологие Іэмэпсымэхэмкіэ къыщІэзрызэгъэпэщам. Абы ипкъ иткІэ сымаджэхэм зыхуэныкъуэ дэІэпыкъунныгъэр нэгъуэщІ щыналъэхэм къыщцамылъхьэуэ мыбдежи щагъуэтыфынущ», - жаІащ хьэщІэхэм.

ЗэІущІэм хэтахэм къыхагъэщащ щІынальэхэм щыІэ сымаджэщхэмрэ федеральнэ медицинэ центрхэмрэ клиникэхэмрэ зэпыщІэныгъэ быдзэкІэ яку дэлъын зэрыхуейр, абы и лъэныкъуэкІэ телемедицинэ чэнджэщхэри хэкІыпІэфІу зэрыщытыр къагъэльэгъуащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Нэгъуэщі дунейм ухашэ

Нарткъалэ щылажьэ унагъуэ библиотекэм и унафэщІ Агарковэ Еленэ Культпросветучилищэр 1968 гъэм кІуачІ. А гъэ щІэм и мазаем лэжьыгъэм пэрыхьауэ нобэр къызэдгъэпэщащ Іэщ Іагъэм хуэпэжщ, тхьылъым нэхъыбэ зэрыдригъэхьэхьным хущІокъу.

«КУЛЬТУРА Кабардино-Балкарии» программэм хихьэу, мы гъэм и щІыщылЪм ди Іуэхущ Іапіэр зэрагъэпэщыжащ. КъБР-м и Къэралыгъэр илъэси 100 зэрырикъу зэрагъэльэпІэнym зэрызыхуагъэхьэзырым щыщІ ар, - жеІэ Агарковэ Валентинэ. - Ар щІыпІэфІ дыдэм, кьалэжym щаухуащ, сабийхэм тыншу кьекІуэлІэным хуэщІауэ, гъэзэгъэ зэпауущІын хуэмейуэ. Библиотекэм щелэжьым тхьылъэр зэрыдгъэІэпхъуэр щалъагъум, ди тхьылъеджэ ныбжьыщІэхэри къыддэІэпыкъуну зэрыхьэзырыр зэрыжаІэр гуапэт. Апхуэдэ щІэблэ къызэрыщІщІэхъуэм уегъэгуфІэ.

Агарковэ Еленэ библиотекэм и лэжьакІуэхэу Сорокинэ Еленэрэ Акимовэ Татьянэрэ и дэІэпыкъуэгъуу, библиотекэм и фондыр хъума хъун папщІэ Іэхущ Іапіэр зэрыгъэпэщыжащ. КъБР-м и Къэралыгъэр илъэси 100 зэрырикъу зэрагъэльэпІэнym зэрызыхуагъэхьэзырым щыщІ ар, - жеІэ Агарковэ Валентинэ. - Ар щІыпІэфІ дыдэм, кьалэжym щаухуащ, сабийхэм тыншу кьекІуэлІэным хуэщІауэ, гъэзэгъэ зэпауущІын хуэмейуэ. Библиотекэм щелэжьым тхьылъэр зэрыдгъэІэпхъуэр щалъагъум, ди тхьылъеджэ ныбжьыщІэхэри къыддэІэпыкъуну зэрыхьэзырыр зэрыжаІэр гуапэт. Апхуэдэ щІэблэ къызэрыщІщІэхъуэм уегъэгуфІэ.

- Ди Іуэхущ Іапіэм унагъуэм щІэс псори къыдогъэблагъэ, псом хуэмыдэу зыгъэпсэхуугъэ махуэхэм ирихьэлІэу. Балигъэхэми сабийхэм Іэмал яІащ зыхуей тхьылъхэр сызыхахыну. ЦІыкІухэр домино мэджэгу, «Нур», «Солнышко», «Мир техники», «Классная девчонка» сабий журналхэм іоплъ. Адэ-анэхэр йоджэ «Литературная Кабардино-Балкария», «Однако, жизнь» журналхэм, - жеІэ Агарковэм. - Балигъэр детективым, мистикэм, фантастикэм, романхэм дахьэх. Пенсэ ныбжьым итхэр пъахэхутэ лэжьыгъэхэм нэхъ щІоупщІэ. Кьыхэзгъэщынут ди тхьылъеджэхэм иджырей тхакІуэхэр зэрамылыІуур. Ар къызыхэкІыр щІыналъэм и тхакІуэхэм я Іэдакъэщ ІэкІэр къызэрытлъэмыІэсырщ. Абы гулъытэ хуащІыну дыхуейт.

Еленэ къызэрильытэмкІэ, класс нэхъыжьхэм щІэсхэр Интернетым дихьэхауэ тхьылъ едэжьым апхуэдэу гулъытэ хуащІыркъым. Библиотекэм и лэжьакІуэхэм ар жагъуэ ящІоху. Аращ сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ зэхэт зэІущІэхэр, щІэблэм, унагъуэм, махуэшхуэхэм яхуэхэа пшыхьхэр щІэх-щІэхыурэ кьыщІызэрагъэпэщыр. ЗыщІыщ лъэпкъыми зэрыт ныбжьыми емылЪытауэ, адэ-анэхэм я бынхэр апхуэдэ Іуэхуэхэм яхьхашэ. Псом хуэмыдэу Налшык, Май къалэхэм я ГащІэ театрхэм ягъэлъагъуэ спектаклхэр гукъинэж ящыхьауащ. Анэхэм, унагъуэм я махуэшхуэхэр щІэщІагъуэу къызэрагъэпэщ, адэшхуэ-анэшхуэхэр ирагъэблагъэрэ. Сабийхэр уэсэ кърагъаджэ, ІэдбІыкІэ Іэнэ ящыхьащ, тхьилъ саугъэтхэмкІэ яГъэгушхуэ. КьищыкъымыщІауэ, зауэм теухуа зэІущІэхэр, викторинэхэр къызэрагъэпэщ, сурэтыщІхэм я лэжьыгъэхэр яГъэлъагъуэ.

Университетэмрэ школхэмрэ курс лэжьыгъэмэрэ докладэмкІэ компьютеркІэ къэщыпауэ яхьын хуей зэрыхьуам библиотекэм къекІуалІэ ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я бжыгъэр игъэмэщІащ. 80, 90 гъэхэм щІыху 50 - 60-м нэблагъэ махуэм къекІуалІэу щытамэ, иджы щыІэ нобэдэкІэ 15 - 20 къыщыхьэу ящІ. Абыхэм я нэхъыбэри гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм я адэшхуэ-анэшхуэхэм деж къекІуэжа сабийхэрщ. Ахэр зэдджэну литературэр школхэм щагъэбелджылы, «кьипещэ Еленэ. - ЩІалэгъуалэмэ иджыпсту зыхьащІ хъуащ, тхьилъ уеджэн, уи щІэныгъэм хэбгъэхъуэн зэрыхуейр. Абы и фІыгъэкІэ библиотекэм я гупэр кьыхуагъэззэну кьыштщохъу, электрон библиотекэр зэрымытынщІ кьагурыІуэу. Ди библиотекэм и фондым хэдгъэзыхьэным, сабий нэхъыбэ кьетшэлІэным, теухуауэ лэжьакІуэхэм тхуэзэфІэкІ кьэдгъанэркъым. ЦІыкІу щыкІэ сабийм библиотекэр кІуапІэ хуэщІмэ, тхьилъыр и Іэпэгъуу кьэхъунущ. Тхьилъэм нэгъуэщІ дунейм, ІэщІыныгъэхэм ухашэ, щыхьу цІэрыІуэхэм я гъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ ущагъэгъуазэ, куэдым утрагъэгушхуэ, уи щІэныгъэм хагъахьуэ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Жыласэ Маритэ,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытридзаг сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 • Тираж 1.839 • Заказ №1815

«Шэрджэс дерби»-2021

Адыгэшыр хъумэныкІэ фондым хъыбар зэбгритыкІащ 2021 гъэм и «Шэрджэс дерби» щы гъэунэхуныгъэр мы гъэм жэпуэгъуэм и 1-м зэрекІуэкІынумкІэ. Шы гъэхъунымкІэ урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтымрэ (ВНИИК) Адыгэшыр хъумэныкІэ фондымрэ иджы етІуанэу зэхублэ «Шэрджэс дерби» цІэр зезыхьэ шыгъажэ кІыхь зэпеуэр. Зэхьэзэхуэ тепльэм иту къызэрагъэпэщу щытми, абы и мыхьэнэр адыгэшым и зэфІэкІыр здынэсыр къэхутауэ адэкІэ зэрелэжьыным епха лэжьыгъэхэм яужь ихьэныщ. 2021 гъэм и «Шэрджэс дербир» Нартан щІэзэхэтынщ жэпуэгъуэм и 1 - 10 махуэхэм.

ЗэПЕУЭМ хьыхьэну зи мурадхэм папщІэ ар зэрекІуэкІыну щыкІэм Адыгэшыр хъумэныкІэ фондым щыгъуазэ деці:

1. Махуипщым и кІуэцкІэ махуэ къэс сыхьэт 12-м кьриубыдэу зэпачынущ нэхъ мащІэ дыдэу километр 100.
2. Километр 25-рэ къакІуэу, шы къэс Іэщ дохутырхэр кьеплъынущ. Шум гъэгуагъэр пищэну хуит щащІынур шым и гур зы дакъикъэм 64-рэ кьеуэу зэрыхьэжам Іэщ дохутырхэр щыкьэтхуэ нэужьыш.
3. Зэпеуэм зэтыну хуит ящІыр зи ныбжьыр илъэси 7-м фІэкІа адыгэ шыбзэхэмрэ хакІуэхэмрэ (алащэхэр хэмыту).
4. Шымрэ шымрэ дэтхэнэми я хьэлъагъыр килограмм 75-м нэхърэ мынэхъ мащІэу, 90-м нэхърэ мынэхъыбэу щытын хуейщ.
5. Зэпеуэм и мылъку саугъэтыр сом мин 500-м нос. Ар гъэгуанэм и кІэм нэсахэм зэхуэдэу трагъэушэжынущ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщІ-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхьы секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретарнатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядолжьэныныкІэ - 42-60-53; зэушыгъэр хъумэныкІэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтчэтым - 42-75-78

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А